

SHOKO RAMWARI RINODANIRA

KUPATSANURWA KUZERE

KUBVA KUNE KUSATENDA



Ngatirambei takamira, kwekanguva, zvino, kuti tinamate. Ngatikotamisei misoro yedu. Handizivi kana, muungano yedu manheru ano, pane mumwe pano here uyo angada kurangarirwa mumunamato? Ita kuti chikumbiro chako chizivikanwe apo patiri kusimudza maoko edu kuna Mwari. Zvakanaka. Uh-huh.

Baba yedu veKudenga, tiri kuswadera kuHutsvene hweNyu hukuru, manheru ano, nemuZita raIshe Jesu, tiine vimbiso iyi, yekuti, “Kana mukakumbira Baba chero chinhu chipi zvacho muZita raNgu,” chichapihwa. Tinoziva kuti Ichocho ichokwadi nekuti IShoko reNyu. Tiri pano tichinamatira vana veNyu vanorwara, tichiedza kuona izvo zvatingaite kuti tikurudzire kutenda. Ndinonamata, Baba, kuti iMi muchatikurudzira zvikuru, manheru ano. Ipai chikumbiro chose icho chaziviswa naiwo maoko ayo. Uye zvichida vamwe vanga vaine zvikumbiro avo vasina kusimudza maoko avo, Baba, ndinokumbira kuti izvozvo zvizogamuchidzwawo, zvekare. Wanai kubwinya kubva pakuungana kwedu manheru ano, muZita reNyu, tinonamata. Amen.

Garai henyu pasi.

Ndinofunga kuti ini ndini ndine mhosva yekukanda izvi zviri kuvhiringidza ruzha. Asi ndinogara ndichitya kuti, kushoshoma kwangu, handitaure zvinonzwika zvakakwana zvekuti imi. . . Muri kundinzwana here kumashure-shure uko, zvino? Kumashure-shure chaiko, muri kuzvinzwa zvakanaka here? Hongu, ichocho chimwe chinhu, handizvo here? Zvakanaka.

Zvino, isu tinofara kwazvo kuva pano zvekare manheru ano, tisati tangotangisa konivhenisheni iri kuuya iyi yeFull Gospel Businessmen. Tiri kutarisira maropafadzo makuru munguva iyoyo. Ndinonamata kuti Mweya Mutsvene uchaita chimwe chinhu pakati pedu, manheru ano, icho chichatiita kuti isu tose tinge tiri kumusoro mumakore, tingati, apo panotanga konivhenisheni. Uye isu tiri. . . Konivhenisheni hakusi kuuya kwedu pamwe chete zvekuti tingosangana mumwe nemumwe, asi isu—isu, kuuya pamwe chete musimba reMweya Mutsvene. Izvozvo ndizvo zvinounza konivhenisheni. Tiri kuuya

kuzosangana naYe. Ndicho chi—chinangwa chedu chekutanga chekuungana, ndechekusangana naYe.

Ndinofara manheru ano, kuona papuratifomu vazhinji veshamwari dzangu avo vatanga kuungana: Hama Row, uye ndasangana neHama King, uye neHama Brown, pano, Hama Clayton, oo, anongova, munhu wese; ivo vese ishamwari dzangu. Uye navashumiri ava vakanaka vari muguta, muno, avo, vandakambova nekuyanama navo kwemakore akawanda uye tinotenda zvikuru nekuda kwemumwe nemumwe wavo.

Uye zvino, ini handingozive kuti hurongwa ndehupi, asi ndine...kuitira shumiro. Nevarume, pano, vakaita seHama Brown nevarume ava kuti vataure, ndine chokwadi chekuti imi muri kuzoropafadzwa nekuparidza munguva yekonivhenisheni. Ini ndakaita sekuita mhiko diki yakuti pachinzvimbo chekugarisa vanhu nguva yakarebesa, ndaikwanisa kuisa nguva yakawanda ndichinamatira vanorwara. Munhu wese, zvichida, uyo akambova mumisangano, vanoziva mhando yemisangano yacho, vanoziva kuti chii chinoitika. Naizvozvo, handimbonzwi kuti ndiri pakati pevatorwa kana mumwe munhu asingazive mhando di—diki yeshumiro iyo Ishe vakandipa zuva ranhasi. Saka, ndiri kuzongoita kuti mharidzo yangu ive nyore kwazo husiku humwe nehumwe, uye ndoedza kuita kuti ive yemaminitsi makumi matatu, apo patakanga tichiaita emaaava maviri. Saka, wakanyanya, mu—musiyano chaiwo. Zvinoita sezvakaoma kana uchinge watanga pane imwe pfungwa, zvadaro iwe wozofanira kuisiya. Asi, kuedza kusiya chapupu chidiki chezvinhu izvo zvakaitika.

Uye mangwana manheru anovhara shumiro dzedu dzekumashure kwacho tisati tatanga konivhenisheni, tichinamatira vanorwara. Husiku hwapfuura ndakatosiya vakati kuti avo vandisina kukwanisa kunamatira. Taiva nemutsara wemunamato manheru apfuura, uye Ishe vakatipa kudavira kwakakura kwazviri. Kamwe zvekare. Ndinotenda kuti vazhinji, vanhu vazhinji vakapodzwa, asi ndakatozosiya vazhinji vavo vakabata makadhi avo, zvakangodaro. Saka, ndakavimbisa kuti ndaizovanamatira manheru ano uye ndizvo zvandinovavarira kuita. Uye zvadaro mangwana manheru, hongu, tichanamatira vamwe vese, Ishe vachitendera. Munooona.

Zvino, tava kuzozarura muMagwaro, kuMagwaro mashoma andakanyora pano, kune icho ini (kana ndaizochiti chidzidzo, handingazivi kuti vanochiti chidzidzo here, kana kuti kwete, asi kungoitira chidzidzo), ndinoda kutora pfungwa iyi: *Shoko RaMwari Rinodanira Kupatsanurwa Kuzere Kubva Kune Kusatenda.*

² Uye zvino ndinoshuva kuverenga kubva muBhaibheri, umo muBhuku raGenesi, chitsauko 13 chaGenesi, uye tinoshuva kutanga nendima 5, kuti tiverenge. Ndinongofarira kuverenga

Shoko. Nekuti, izvo zvandinotaura zvinokwanisa kukundika, iyeye munhu. Asi, kana ndikangoverenga Shoko iri, izvo zvaAnotaura hazvikundike. Saka zvadaro ndinoziva kuti kuchave nechakanaka chichabuda mazviri, kana zvisiri kupfuura kungoverenga Shoko. Ndimba 5, tinotanga, pachitsauko 13.

NaRoti zvekare, uyo wakaenda naAbrama, wakanga aine makwai, nemombe, namatende.

Zvino nyika yakanga isingakwanise kuvachengeta, zvokuti vakwanise kugara pamwe: *nokuti pfuma yavo yakanga iri zhinji*, zvekuti havaikwanisa kugara pamwe.

Zvino pakava...nenharo pakati pavafudzi vezvipfuwo zvaAbrama navafudzi vezvipfuwo zvaRoti: uye vaKenani nava...Perezi vaigara...munyika iyo.

Ipapo Abrama wakati kuna Roti, Nharo ngadzirege kuvapo, ndinokukumbira, pakati pangu newe, napakati pavafudzi vangu navafudzi vako; nokuti tiri hama.

Ko nyika yose haizi pamberi pako here? zvipatsanure pachako, ndinokukumbira, kubva pandiri: uye kana iwe ukaenda kuruboshwe, ini ndichaenda kurudyi; kana iwe ukabva uchienda kuruoko rwerudyi, zvadaro ini ndichaenda kuruboshwe.

Uye Roti akasimudzira meso ake, akaona... mapani eJorodhani, kuti rakanga riine mvura pose hapo, JEHOVHA achigere kuparadza Sodhoma neGomora, kunyange sebindu raJEHOVHA, senyika yeEgipita, paunobuda kubva paZoari.

Zvadaro Roti akazvitsaurira mapani ose eJorodhani; uye Roti akaenda kurutivi rwamabvazuva: uye ivo vakaparadzana havo...mumwe kubva kune mumwe.

Zvino Abrama wakagara panyika yeKenani, uye Roti akagara muguta remumapani, uye akavaka tende rake rakatarira kuSodhoma.

Asi varume veSodhoma vakanga vakaipa uye vari vatadzi pamberi paJEHOVHA nekupfuurira.

Zvino JEHOVHA vakati kuna Abrahamu, mushure mekunge Roti aparadzana naye, Simudza hako zvino meso ako, uye utarire uchibva panzvimbo apo pau... neche kuchamhembe, ...neche kumaodzanyemba, ... neche kumabvazuva, ...neche kumadokero:

Nokuti nyika yose yaunoona, kwauri Ini ndichaipa kwauri, uye nekune vana vako nokusingaperi.

³ Zvino, pfungwa, yeShoko raMwari richidanira kupatsanurwa kuzere! Tinoziva izvi bedzi kuburikidza

nepatinoverenga Shoko uye toona Shoko richizviratidza pachaRo.

⁴ Zvino, pamavambo, Genesi 1:3, tinoona kuti. “Paiva nerima panyika. Uye Mweya waMwari waifamba pamusoro pemvura. Uye ukati, ‘Ngakuve nechiedza,’ uye chiedza chikavapo. Uye Mwari vakaona kuti chiedza chakanga chakanaka; uye Mwari vakapatsanura chiedza kubva kune rima.” Saka Shoko raMwari rakatanga kupatsanura chiedza kubva kune rima, kubva pamavambo, saizvozvo zvinoramba zvakadaro kusvikira nhasi.

⁵ Sekutaura kwandakaita husiku hwapfuura, nezvaJesu, apo paAiva nemakore gumi nemaviri chete ekuberekwa. Uye kunge kuri kukanganisa kwaamai vaKe, avo vanonzi nevanhu kuti ndiamai vaMwari, uye kuti mudzimai akataura sei kuti, “Nhai, baba vaKo neni takutsvaka iWewe nemisodzi.”

⁶ Uye nekukurumidza iYe, zvaaiva Shoko, akati, “Hamuzivi here imi kuti Ini ndinofanira kunge ndiri pabasa raBaba vaNgu?”

⁷ Munoono, iye aiMuzivisa kuti aiva mwanakomana waJosefa, asi Akanga asiri mwanakomana waJosefa. Dai iYe ainge ari mwanakomana waJosefa, iYe angadai anaye; asi Aiva naBaba, achiita basa raVo. Saka Shoko rinogadzirisa nguva dzose uye nguva dzose rakarurama, uye Shoko rinozogadzirisa kutsveyama kwese, nguva dzose.

⁸ Zvino apo nyika iyo . . . Mwari vakanga vari kuzoshandisa nyika, uye iyo yakanga iri murima rakazara. Mweya waMwari wakataura, uye ukati, “Ngakuve nechiedza,” uye iVo vakapatsanura chiedza kubva kune rima. Uye iWo wakanga uchiita izvozvo kubvira ipapo, uchipatsanura Chiedza kubva kune rima. Shoko raMwari zvekare rakapatsanura mvura kubva kune nyika, pamavambo. Mwari vakataura, uye mvura ikapatsanurwa kubva kune nyika. Saka, zvekuti, iVo vaiva ne—nechikonzero chaizvozvo.

⁹ Mwari havambotauri Shoko kunze kwekunge iVo vane chikonzero chekutaura shoko iroro. Havana kuita sewe neni, zvekuti tinongo . . . kana kunyanya ini pachangu, uyo anotaura zvinhu zveupenzi zvakawanda kwazvo. Mwari vanotaura shoko rose riine zvarinoreva, uye nechimwe chinhu chaVari kuedza kuzadzisa, uye vanozozadzisa neShoko raVo. Uye iRo rinozoita chaizvo izvo iVo vakataura kuti Rinozoita.

¹⁰ Zvino, kana Mwari vakati, “Ngakuve nechiedza,” uye kukasava nechiedza, zvadaro ivavo—ivavo havasi, ivavo vanenge vasiri Mwari vakataura izvozvo. Maona?

¹¹ Kana Mwari vakataura chinhu chipi zvacho, Vanofanira kutsigira izvo zvaVanotaura. Uye kana Shoko raMwari richinge rasimbiswa, Shoko racho rasimbiswa, ndicho Chiedza. Zvino, Shoko pachaRo harisi Chiedza kusvikira Rava Chiedza chakasimbiswa.

¹² Kana Mwari vakati, “Ngakuve nechiedza,” uye chiedza chikasavako, zvadaro ranga risiri Shoko raMwari. Asi apo chiedza pachakavhenekera panyika, izvozvo zvakaritudza kuti Shoko rakanga rasimbiswa, uye chakanga chiri chiedza.

¹³ Zvino, nhasi, kana Mwari vakaita vimbiso, uye kana vimbiso iyoyo yasimbiswa, zvadaro ichocho Chiedza. Ndicho Chiedza chezuva racho, apo Shoko parinenge rasimbiswa, Shoko renguva richinge rasimbiswa.

¹⁴ Zvadaro, Mwari vakanga vari kuzova ne—nyenya iyo yaVakanga vari kuzorima zvinomera, uye iVo vaizova nevanhu panyika, uye zvadaro Vakataura ndokupatsanura mvura kubva kune gungwa.

Ipapo, zvekare, iVo vakapatsanura, muna Genesi, hupenyu kubva kune rufu.

¹⁵ Zvino, kana tichitenda Shoko raMwari, iRo iShoko reHupenyu kwatiri; asi kana tikavhunzurudza Shoko raMwari, iRo rufu kwatiri. Nekuti, Mwari vakataura, ndianiko angaRirambe? Maona? Uye kana tikavhunzurudza Shoko raMwari, zvadaro iRo rinobva rava rufu.

¹⁶ SaEvha, zvino, Evha akavhunzurudza chikamu chimwe chidiki cheShoko raMwari, uye izvozvo zvakaitei? Zvakakonjera dambudziko rose iri ratinoro. Dai iye ainge akaramba ari kuseri kweShoko, akachengetedzwa kuseri kweShoko, nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari, uye asingaRipokane, ipapo hazvaizomboitika nenzira yazvakaita, hazvaizombova nenzira iyi. Asi, muri kuona, ipapo pakauya rufu.

¹⁷ Zvadaro, Mwari zvekare vaiva neyananiso. Vachiva netsitsi kwatiri, Vakagamuchira rufu rwakatsivanisa kuitira rufu rwavo, urwo vaviri. . .

¹⁸ Ivo vakapatsanura hupenyu kubva kune rufu, zvekare, mubindu reEdheni, uye Vakazviita neShoko raVo.

¹⁹ Uye nhasi Vanoita chinhu chimwe chete. Apo, tiri murima rinobatika, sekutaura kwandakaita, Svondo, rima riri panyika, riri pavanhu, uye riri rima rinobatika. Pakati pezvinhu zvose izvi, iVo vachiri kutaura Shoko raVo reHupenyu kune avo vanoda kuRitenda. Uye zvino tinoona kuti kana. . .

²⁰ Jesu akagara achitiudza kuti pane kupatsanurwa. Uye tinoona kuti chinhu chekupedzisira icho chakafanotaurwa kurudzi rwevanhu, Zuva guru rekupedzisira risati rasvika apo patinokwira kupinda Muhupo hwaMwari, pachave nekupatsanurwa kwekupedzisira. Ivo vachaparadzanisa makwai kubva kune mbudzi.

²¹ Mwari vachadaro, vakagara vachipatsanura, vachipatsanura, uye ndizvo zvaVari kuita husiku huno. Ndizvo zvaVanogara vachiita. Unokwanisa kuzviona mushumiro yega-yega. Ivo vanopatsanura kutenda kubva kune kusatenda. Ivo

vanotaura. Ivo vanozvizivisa pachavo kune avo vanozaVatenda uye vaine kutenda maVari.

²² Zvino tinoona kuti, muna Numeri, chitsauko 6, kuti kudanwa kweMunazire, kudanwa kweMunaziri kwaiva kwekuzvipatsanura pachavo kubva kune nyika yese, vachienda kuShoko raMwari. Ndiko kudanwa kweMunazire, kupatsanurwa.

²³ Tinoona kuti Samusoni aiva Munazire, kuna Ishe, uye aive akapatsanurwa kubva kune . . . nechiratidzo. Uye chiratidzo ichi chaiva chekuti iye aizogara nevhudzi rake rakareba, riine mhotsi nomwe. Chaiva chi—chiratidzo chekupatsanurwa, kuti iye aiva akadanirwa chinangwa.

²⁴ Uye handidi kutanga pane izvi, nekuti ndataura kuti izvo . . . Ndanga ndiri kuzongotaura kwemaminiti mashoma.

²⁵ Asi ndinofunga, nhasi, apo patinoona hanzvadzi dzedu dziine vhudzi rakareba, sezvakaaurwa neBhaibheri kuti vanofanira kudaro, ndinofunga kuti chiratidzo chechiNazire chekuti vanoda kutevera Ishe. Uye ndinoziva kuti zvinonzwika zvisingafadze, uye ini—ini—ini ndinoda kuti zvipinde mumwoyo, munoona, nekuti ndizvo zvazviri. Zvinotaridzika sekuti mumwe munhu ari kuedza ku—kuita, kuchengeta chi—chimwe chinhu icho Mwari chavakavaudza kuti vaite. Hazvina mhosva nemubhadharo wacho, izvo nyika inofanira kutaura nezvaRo kunze uko, kana kuti vakawanda sei vanoshora, kana vaseki, kana vatsoropodzi, izvozvo hazvikanganise munhu uyo akapatsanurwa zvizere kubva kune zvinhu zvenyika, achienda kune zvinhu zvaMwari. Ivo vanozoteerera Shoko, uye vozvipatsanura pachavo kubva kune zvinhu zvenyika, nekuti Shoko rinovapatsanura.

²⁶ Ndinoziva kuti vanomira pavanotsoropodzwa. Asi dai taizenge tisingatsoropodzwe, zvararo paizova nechimwe chinhu chakakanganisika. Nyika yagara ichiziva vayo. Asi sezvandakataura, kuti, rangarirai, kutsoropodzwa, nekuda kweShoko raMwari, anongori bedzi marwadzo ekukura enyasha dzaKe. Zvinoratidza kuti wakazvipatsanura pachako kuti—kuti uve Mukristu, kuti uzvibate saiye, kuti urarame saiye, kuti uteerere Murairo wese waMwari. Uye iyoyo i—iyoyo imhiko yeMunazire, kupatsanurwa, kudanwa kunobva kuna Mwari uko kunokupatsanura kubva kune zvinhu zveNyika.

²⁷ Ndinotenda, manheru ano, kuti wese murume nemudzimai, wese mukomana nemusikana, uyo akaberekwa neMweya waMwari, Munazire kuna Ishe; nekuti ivo vakapatsanura zvinhu izvozvo, pachavo, kubva kune zvido zvenyika uye nechero izvo nyika inofanira kuti itaure.

²⁸ Iwe unogara muguta rino muno umo mune zvikoro zvikuru. Uye, uye tinoona nyika yedu ichidanira chiyero chepamusoro chedzidzo; zvinova zvakanaka, hapana chekutaura

pamusoro paizvozvo, asi kuti dzidzo haigoni kukupa ruponeso. Muzvinasainzi anokwanisa kutsemura tsanga yegorosi uye okuudza kuti mune mishonga yakasiyana-siyana yakadini iri mairi, asi haakwanise kuwana hupenyu uhwo huri imomo. Dzidzo inokwanisa kukudzidzisa, kana kukudzidzisa svomhu, uye—uye inokwanisa kukudzidzisa nhoroono nezvimwe zvakawanda-wanda, asi haikwanise kuunza Chiedza kwauri. Dzidzo yako haizokwanisa kuzviita izvozvo.

²⁹ Mwari vane nzira imwe chete yekuunza Chiedza kwauri: ndipo apo paunenge wagadzirira kuzvipatsanura pachako kubva kune zvinhu zvese zvenyika, uye zvese zvi—zvido zvenyika, uye wobatirira bedzi kuShoko raMwari rakavimbiswa.

³⁰ Pauro aiva Munazire kuna Ishe. Iye aive akapatsanurwa kubva kuchechei yake yeorthodox, kuenda kuShoko raMwari anorarama.

³¹ Aroni akanga ari Munazire kunaShe. Iye akanga akapatsanurwa kubva pakati pehama, kuti atakure mabwe epakuberekwa uye kuti ave muprisita mukuru.

³² Kupatsanurwa kuzere. Hatisi kuzodzokera munyika zvekare, kana kuva nechipi zvacho chekuita nenyika, asi kubatirira chete kuna Mwari. Jesu ari kvinga Mwenga, Mudzimai, Chechi iyo yakapatsanurwa kubva kune zvinhu zvenyika, kana kuti zvido zvenyika. Iye akapatsanurwa kubva kune mafashoni ezera rino rechimanjemanje iro ratiri kurarama mariri. Iye akapatsanurwa kubva kune zvi—zvido netsika dzemachechi. Iye akapatsanurwa bedzi kuna Mwari, uye Mwari iShoko. Uye sezvo murume nemudzimai vamwe, saka ndizvozwowo Mwenga neShoko vanova Mumwe, nekuti Shoko riri kurarama kuburikidza nemuMwenga. Ndizvo zvokudaro. Ndiwo magwaro ake. Ndiko kuzivikanwa kwake.

³³ Dai ndaikwanisa kuburitsa imwe—imwe Ph.D. kana LL.D., uye ndokuratidza magwaro angu kubva kune rimwe sangano kana kubva kune chimwe chikoro, chikoro ichocho chaizocherechedza gwaro iroro.

³⁴ Asi gwaro roga iro mutendi anaro iShoko raMwari riri kurarama maari, richizivisa kuti Jesu Kristu anorarama mumunhu iyeye. Ndiye Munazire akapatsanurwa kunaShe, akapatsanurwa nekuda kwechikonzero cheShoko. Bhaibheri rakati, “Shoko raMwari rakapinza kupfuura munondo unocheka namativi ose, richicheka richipatsanura, uye nemwongo wemapfupa, uye rinonzvera pfungwa dziri mumwoyo.” Ndicho chikonzero Jesu aikwanisa kutarisa pane vanhu uye onzwisisa izvo zvavainge vachifunga; iYe aiva Shoko.

³⁵ Zvino, Adhamu wekutanga uyo akaberekwa munyika, kana kuti, kwete kuberekwa, asi akasikwa naMwari, Adhamu wekutanga akazvipatsanura pachake kubva kune Shoko, kuenda kumudzimai wake. Zvino, aikwanisa kunge akagara

neShoko dai aishuva kudaro. Asi iye akazvipatsanura pachake kubva kune Shoko, kuti ave nemudzimai wake.

³⁶ Ndizvozvo chaizvo izvo nhengo yechechi yamazuva ose, iri munyama zvainoita nhasi, vano zvipatsanura pachavo kubva kune Shoko rechokwadi rinorarama, kuti vabatirire kuchechi yavo. Apo ichi. . . Evha akaisa muvhunzo paShoko, kuti Mwari vaizoranga here kana kuti kwete. Satani akaisa muvhunzo; Evha akazvitenda.

³⁷ Uye zvarado kana chechi nhasi ikaisa muvhunzo paShoko, “Ko iYe mumwe chete here? Ko iYe achiri kurarama muChechi yaKe here uye achiita zviratidzo zvaKe nemashura izvo zvaAkaita apo paAkanga ari pano panyika, izvo zvaAkativimbisa zvechokwadi chaizvo muna Mutsvene Johane 14:12?”

³⁸ “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita iye achaaaitawo; kunyangwe makuru pane aya iye achaaaita, nekuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Zvichatevera avo!

³⁹ Muvhunzo ndeuuyu, kune vanhu nhasi, “Ko iYe anonyatsoreva izvozvo here?” Uye kana ukagamuchira izvo zvinotaurwa nechechi, “Ko iYe anonyatsoreva izvozvo here?” zvarado unozviisa muchinhano chimwe chete icho chakaitwa naAdhama, uye wozvibatanidza nemu—mudzimai wechechi ye—enyika ino, uye wozvipatsanura pachako kubva kune maropafadzo ayo akavimbiswa naMwari kune mutendi wese uyo anozvipatsanura pachake kubva kune nyika achienda kuShoko. Zvino, ichocho ichokwadi.

⁴⁰ Isu tiri, takava nemukana wekurarama muzuva racho iro apo Shoko raMwari iro ratakaona kuti rakagoverwa nemuzera rega-rega, kuitira kuti zvimwe zvinhu zviitike. Uye kana iro richinge ragoverwa, dzimwe nguva munhu anoshaya kuziva kuti zvichaitika sei. Vanamuzvinafundo vane pfungwa yavo pachavo. Asi mune iwo mazera, Mwari vakagara vachitumira muporofita waVo. Uye Shoko raShe rinouya kumuporofita uye osimbisa Shoko racho kuchizvarwa ichocho. Uye vaporofita vakagara vari Vanaziri, vakapatsanurwa kubva kune zvimwe zvinhu zvese kuti vateerere Shoko raMwari.

⁴¹ Hamurangariri here izvo zvakataurwa naPetro naJohane, “Zvakanaka kwatiri here kuti titeerere munhu, kana Mwari?” Apo pavakanga vavavhunza pamusoro pechiitiko chePentekosti.

⁴² Zvino, munhu wekutanga akazvipatsanura pachake, Adhamu wekutanga, kubva kuShoko, kuti aende nemudzimai wake, uyo akavhunza kuti Mwari vaichengeta Shoko raVo here kana kuti kwete.

⁴³ Mufananidzo wakakwana wakadii wemutendi anongodziya, ane pfungwa dzezvepanyama nhasi, uyo achiri kuda kubatirira

pane izvo zvinotaurwa netsika yavo, pachinzvimbo chekutora izvo zvinotaurwa neShoko. Mufananidzo wechokwadi chaiwo! Iye akapatsanurwa, kuenda kumudzimai wake. Mutendi wepanyama anopatsanurwa kubva kuShoko, kuenda kuchechi.

⁴⁴ Asi apo Adhamu weChipiri paakasikwa, muchibereko chemudzimai, uye akauya panyika, Iye aiva Munazire kuShoko raMwari. Iye aiva akapatsanurwa kubva kune nyika, kuenda kuShoko. Zvino, VaHebheru, chitsauko 7, ndima 26, inotiudza izvo, kuti ivo vaprisita vairamba vachifa, asi uyu Jesu aiva mutsvene uye akapatsanurwa kubva kune vatadzi.

⁴⁵ *Chivi* “kusatenda.” Hapana kusatenda kwakawanikwa maAri, chero kupi hako. Apo iYe paaiva pano panyika, Akati, “Ko ndiani angaNdipomera nekuda kwechivi?” Chivi “kusatenda.” “Kana Ndisina kuita izvo zvakaporofitwa zvezera rino, kana Ndisina kuzadzisa zvinodiwa zvezivo zvinofanira kuitwa naMesia, zvadaro regai kuNditenda.” Akati, “Nzverai Magwaro, nekuti maAri imi munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye iWo ndiWo anoNdipupurira,” kukutaurirai kuti iYe ndiAni.

⁴⁶ Nekuti, zvakanga zvakaporofitwa, kubvira kuEdheni, kuti kwaizouya Muponesi. Muporofita akati iYe aizoberekwa nemhandara, uye kuti iYe aizodanwa sei kunzi “Emanueri.”

⁴⁷ Uye zvekare iYe aiva “Gurukota, Muchinda weRugare, Mwari Samasimba.” Uye ndizvo zvavakaMupomera, zvekuzviita Mwari pachaKe. Iye aiva Mwari, uye iYe aiva “Muchinda weRugare, Mwari Samasimba, Baba vanogara Nekusingaperi.”

⁴⁸ Hakuna vamwe Baba asi iYe, tichitaura pamweya. Iye ndiye ega Baba, Baba vedu isu tose. Uye tinoona kuti, vatendi vose, iYe ndiye Baba wavo, vose avo vachatenda Shoko raKe. Nekuti, iYe akanga akapatsanurwa zvachose kubva kune chechi, kubva kune tsika dzayo, kubva kuna amai vaKe, kubva kune nyika, uye aiita bedzi izvo zvaifadza Baba.

⁴⁹ Zvino, Aiva munhu akasiyana kubva kuna Adhamu. Hazvina mhosva kuti chii chakavhunzwa nemunhu upi zvake; kwaAri, Shoko, rakanga riri Shoko kutanga nguva dzose. Uye Akaratidza kuti Shoko raiva rakurama.

⁵⁰ Apo Satani paakaedza kuRitsveyamisa kwaAri, uye akati, “Zvakanyorwa kunzi. . .”

⁵¹ Iye akati, “Hongu, uye kwakanyorwawo kunzi. . .” Iye akadzivisa Satani, paShoko; nekuti ndizvo zvaAiva, Shoko.

⁵² MuBhaibheri, Johane 1, Mutsvene Johane chitsauko 1, rakati, “Pakutanga kwakange kuine Shoko, uye Shoko rakange riri kuna Mwari, uye Shoko rakange riri Mwari. Zvino Shoko rakazoitwa nyama, rikagara pakati pedu.” Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

⁵³ Zvakagara zvakabatana neShoko raMwari rakataurwa, vimbiso yaMwari yezuva racho. Uye kana ichinge yauya, iyo haina kumbojairika kwazvo kusvikira vanhu havakwanise kuinzwisisa, nekuti takasonererwa zvakanyanya mune—kune tsika nepfungwa dzedu pachedu, zvekuti zvakatiomera kuti tinzwisise zviru zveChokwadi.

⁵⁴ Ndinofunga zvakanyanya pamusoro paizvozvo kuti zvaizoshanda kuna—kuna Josefa, mumazuva e—eku—ku... aMaria, akazvitakura. Iye, akanga ari kuzova amai. Uye Josefa aimuda, uye iye—iye aida kutenda. Iye aiva murume akarurama, murume akanaka, uye iye aida kutenda nyaya iyoyo yaakanga achiudzwa naMaria, asi zvakadaro paiva nemuvhunzo, kuti, “Zvino, iye mudzimai akanaka.” Pasina kupokana Maria akanga atsanangura kwaari kushanya kwaGabrieri kwaari. Uye aiva murume akarurama, ari wedzinza raDhavhidhi.

⁵⁵ Uye zvakadaro, iye, zvaitaridzika sekuti mudzimai aida kumushandisa kuva chinhu chinovharidzira, kuti abvise kunyadziswa kwake. Nekuti, kana iye akanga akatsidzirana naye, uye kuwanikwa uri muchinhano ichochi zvakanga zvakafanana neupombwe (Deuteronomio inotitaurira kudaro), zvino waizotakwa namabwe nekuda kwechitiko chacho. Uye zvaitaridzika sekuti iye aimushandisa sechinhu chinovharidzira.

⁵⁶ Uye murume wacho, murume akanaka, murume akarurama, Bhaibheri rakati aiva murume akarurama. Asi nyaya yake yakanga isina kumbogajairika zvakanyanya zvekuti murume haana kukwanisa kuinzwisisa. Iye aitarisa muchiso chake chakanaka, uye nekuperera nemukutendeka uko kwaaizotaura nako nyaya yake. Uye pasina kupokana asi aizounda kumba kwake, kana kunzvimbo yake yekuvezera, oti, “Ini—ini handingokwanisi kuona kuti angazondiudza zvisizvo, asi nyaya yacho haisi yakambojairika zvakanyanya.”

⁵⁷ Dai ainge akanzvera Magwaro chete, kuti, “mhandara ichava nemimba”! Munoono, zvakanga zvisina kumbogajairika kwazvo kwaari, nekuti zvakanga zviru kunze kwenzira yemafungiro ake, asi mudzimai akanga ari muGwaro chaimo.

⁵⁸ Uye ndizvo zvazviru nhasi, hama, kuti simba rekumuka kwaJesusu Kristu uye neShoko raKe rakavimbiswa renguva ino harina kumbojairika zvakanyanya, munhu wakanaka anogumburwa naRo. Harina kumbojairika zvakanyanya. Ivo vanoti va—vakafa vaimutswa, mapofu aiona, matsi dzichinzwa, Mweya Mutsvene unonzvera pfungwa, unofanotaura zvinhu izvo zvichazoitika, hauna kana kumbozvikuudika nguva imwe. Oo, ivo—ivo havakwanise, havakwanise kuzvinzwisisa. Harina kumbojairika zvakanyanya, saka ivo—ivo vanoti, “Saka, ikoko kuverenga pfungwa, kana kuti iWo mweya wakaipa,”

sezvavakangoita muzuva iroro. Kusajairika kweShoko raMwari!

⁵⁹ Asi kana munhu achinge aberekwa munyika, kuva mu—mutendi, anobva ava Munazire apo paanozvipatsanura pachake kubva kune chinhu chipi zvacho chinopesana neShoko. Kupatsanurwa zvizere! Jesu akati, “Ndakauya kuzopatsanura murume kubva kune mudzimai wake, kuzobvambura mhuri. Uye uyo asingatakure muchinjikwa wake, uye oNditevera, haana kukodzera kuti anzi ndewaNgu.” Kupatsanurwa, kubva kune zvinhu zvese, chinhu chipi zvacho; kubva kune chechi, kubva—kubva kune vemunharaunda, kubva kune kumwe kutenda, kana kubva kune mhuri, kana chero chinhi chipi zvacho chinozomira pakati pako nekutenda Shoko rese raMwari. Kana mweya wako usingatsigire vimbiso yese yenguva ino, ne “ameni,” pane chimwe chinhu chakakanganisika pane imwe nzvimbo. Unoda kupatsanurwa.

⁶⁰ Saka Jesu aiva Shoko rakaitwa nyama, uye iYe aiva akapatsanurwa zvizere kubva kune vatadzi, vasingatendi, zvekuti Shoko pachaRo raiyerera zvakazara, uye—uye richibhururuka zvakakwana nemaAri, zvekuti iYe akati, “Hapana chaNdinoita kusvikira Ndaona Baba vachichiita kutanga.” Ivo vakanga vachivhunza, vachiMuvhunzurudza pamusoro pezvinhu. Iye akati, “Zvirokwazvo, Ini ndinoti kwamuri, Mwanakomana haakwanise kuita chimwe chinhu maari pachaKe, asi izvo zvaAnoona Baba vachiita.” Uye, cherechedzai, zvinhu zvose zvaAkataura zvaive zvakakwana. Zvokuti, iYe akanga asingafanire kubvunza nezvazvo, kufunga nezvazvo; zvakanga zvakakwana. Uye Chokwadi chaKe chakakwana chaigara chichipatsanura Chokwadi kubva kune zvakanganiswa.

⁶¹ Kunyangwe sepandichanokorazve, zvekare, amai vaKe vakati, “Baba vaKo neni,” pamberi pevapisita vava avo vavakange vatopupurira nechekare kuti aiva Mwanakomana akaberekwa nemhandara. Asi munguva dzekutambudzika kwavo...

⁶² Ko zvingaita sei kuti mukomana ane makore gumi nemaviri ekuberekwa, uye isu tisina umboo hwaKe hwekutombenge ari kuchikoro, ko huchenjeri hwaKe hwaizova hwakakura kudaro zvekutopikisana nevapisita, vachenjeri, varume vakadzidza? Uye kuti sei, apo, iye paakataura kuti uyu Josefa ndiye aiva baba vaKe, nekukurumidza Shoko raMwari...iYe aiva akapatsanurwa. Iye aiva Shoko, uye Shoko rakagadzirisa zvaive zvakanganiswa, “Hamuzive here kuti Ini ndinofanira kunge ndiri pabasa raBaba vaNgu?” Uyo akanga asingori bedzi mukomana mudiki wemakore gumi nemaviri ekuberekwa. Iroro rakanga riri Shoko raMwari richitaura kuburikidza nemuromo waKe mudiki wemwana, kugadzirisa zvaive zvakanganiswa; achipatsanura, sezvaAkaita kumavambo, rima kubva kune

chiedza, nhema kubva kune Chokwadi, rufu kubva kune Hupenyu.

⁶³ Iko kupatsanurwa. Nguva dzose Shoko rinoda kupatsanurwa kuzere uye kwakakwana, zvisinei. Jesu akati, “Regai shoko remhunhu wese rive renhema; regai raNgu rive rechokwadi.”

⁶⁴ Zvichidzika kuburikidza nemumazera ose, chinhu ichi chimwe chete chakaitika. Iko kupatsanurwa. Nguva dzose iYe anopatsanura vanhu vaKe kubva kune kusatenda. Iye akazviita kumavambo; iYe anozviita zvimwe chete nhasi. Mumwe nemumwe wevaporofita akapatsanurwa kubva kune kusatenda. Ivo, chikonzero vakaita izvozvo, ndechekuti Shoko raIshe rakauya kwavari.

⁶⁵ Zvino, ndinotenda mune humwe husiku, pane imwe nzvimbo, zvichida paiva pano Svondo kana husiku hwapfuura, apo pandakanga ndichitaura nezveshoko rekuti “muoni,” muTestamende Yekare, rairevei. Raireva kuti murume, “munhu anoona zviri mberi, munhu uyo aizotaura zvitiiko zviri kumberi izvo zvakanga zviri kuzoitika.” Uye zvadaro kana zvichinge zvaitika nemazvo, pasina kukundika, zvikaitika nemazvo izvo zvaakataura, ipapo Mwari vakati, “Teererai kune munhu uyu, kana kuti munzwei, mutyei, nekuti Ini ndinaye.” Zvadaro iye aiva nedudziro yaMwari yeShoko rakanyorwa, nekuti izvozvo ndizvo zvaiva zvinhu zvake zvaimuzivisa, kuti iye aiva muporofita waMwari uye Shoko rinouya kwaari. Ndizvozvo.

⁶⁶ Zvino, kupatsanurwa. Iro rakapatsanura Isaya kubva kune chechi yenyika. Iro rakapatsanura Mosesi kubva kune chechi yenyika. Iro rakapatsanura ivo...vaporofita vose vakuru, kuburikidza nemumazera, kubva kune chechi yenyika. Nekuti ivo vaiva ne...Iro rakapatsanura Jesu kubva kune hama dzaKe. Iro rakapatsanura vaapostora kubva kune chechi iyo yakanga iripo pazuva iroro, vaFarise, vaSadhuse, varume vakuru, varume vatsvene, varume vakanaka, varume kwavo, varume vakazvinipisa, varume avo vaiva nezvibereko zveMweya kupfuura izvo zvaitwa naJesu.

⁶⁷ Asi chii chaiva zvinhu zvaKe zvaimuzivisa? Kutu Shoko rakanga rinaYe, Shoko rakavimbiswa rezuva iroro rairarama kuburikidza nemaAri. Iye akati, “Ndiani wenyu angaNidipomera nekuda kwechivi? Ndiani wenyu anokwanisa kutaura kuti izvo zvaNdakataura hazvina kuitika?” Kutu, nekuti iYe akaratidza kuti Aiva Munazire akapatsanurwa waShe. Iye aiva Ishe pachaVo munyama.

⁶⁸ Abrahama, zvekare, aiva munhu akapatsanurwa, kubva kune nyika, apo Mwari pavakadana Abrahama pamakore makumi manomwe nemashanu ekuberekwa. “Zvipatsanure pachako kubva kune hama dzako uye kubva kune kusatenda kwese, uye wouya muNyika yausati wambofamba mairi kumashure, uye pakati pevanhu vausati wamboziva kumashure.

Buda uye uzvipatsanure pachako kubva kuna ani zvake anozopesana neizvo zvauri kutenda, kuti iwe ugova Munazire kuna Ishe.” Nekuti, iye akanga akabata vimbiso yemwanakomana. Iye aifanira kuzvipatsanura kubva kuna baba vake, kubva kuna amai vake, kubva kune hama dzake.

⁶⁹ Uye chii chakamupatsanura? Kwete nekuti iye akanga ari munhu akanaka, asi nekuti iye akatenda kuti Mwari vaikwanisa kuchengeta vimbiso yaVakange vamupa.

⁷⁰ Uye paakava nemakore makumi maviri nemashanu akazotevera, uye mwana akanga asina kumbouya; Sara ava nemakore makumi mapfumbamwe, iye aine zana. Zvino apo Mutumwa waShe paakamushanyira; uyo akataurwa nezvake naJesu, kuti aizouya zvekare mumazuva ekupedzisira. Mwari, vari muchimiro chemunhu, vakagara pasi pamberi pake vakataura. Uye Sara, aine makore angada kusvika zana ekuberekwa, ari mutende kumashure kwaKe, akaseka nekuti Mutumwa akati, “Ndichakushanyirai maererano nenguva yevimbiso.”

⁷¹ Uye iye akati, “Ini ndachembera, uye ndozofara zvekare nashe wangu, ndichiona kuti iye akwegura?”

⁷² Zvino Murume uyu, aiva Mwari munyama, akati, “Ko Sara asekei, mutende?” Zvino, iye akamhanyira panze akaedza kuzviramba. Asi iYe akati, “Hongu, asika waseka,” nekuti iye akanga asingatendi kuti zvaikwanisa kuva chokwadi.

⁷³ Zvino, cherechedzai, Jesu akati izvozvo zvaizodzoka zvekare. “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuuya kweMwanakomana wemunhu.” Zvekare Mweya waMwari uchauya panyama yemunhu, inofa. Murume iyeye akadya nyama yemhuru, achinwa mukaka wemombe, uye akadya bhata nechingwa, ari munyama yemunhu; uye Abrahama akati iYe aiva Elohim, Mwari vakaratidzwa munyama. Jesu akavimbisa kuti Mwari, kuuya kwaVo kusati kwasvika, vaizoratidzwa munyama yemunhu zvekare. Ndiwo Mweya Mutsvene (panongova naMwari mumwe chete bedzi) achizviratidza pachaKe, achipatsanura, zvekare, Roti kubva pana Abrahama.

⁷⁴ Roti aida nyika. Mwari vakapats-...vakabvambura nyika yake, uye vakaparadzanisa Abrahama naRoti. Roti, ari mufananidzo, zvekare, wemutendi wepanyama uyo akanga asingafunge kuti zvinhu izvi zvaiva chokwadi, iye akangoenda zasi kuSodhoma. Uye iye–iye akanga asina hushingi hwekuti anyatsomira, sekuzvidana kwatingaita, uye otaura kuti chakange chakarurama “chakarurama,” uye kuti chakatsveyama “chakatsveyama,” saka iye akaenda zasi.

⁷⁵ Vatendi vose ava, sezvatingagona kungoenderera kwemaawa, vese ava vaiva vakaita sechitsama chemari yechenji kubva muhomwe yako, vari mumaoko aMwari.

Iwe ukaburitsa chitsama chechenji. Panenge paine masendi, makobiri emasendi mashanu, mashereni, makobiri emasendi makumi maviri nemashanu, hafu yemadhora, dhora, ose ari makobiri. Zvino, ndizvo zviri nyika, muruoko rwaMwari. Pane vamwe vanhu vanongokwanisa kuwana zvinongokwanirana nesendi, uye Mwari vanokwanisa bedzi kungovashandisa nenzira inoenderana nesendi. Ndizvo zvoga zvavanogona kutenga. Usavarambe. Kana vasingakwanise kutenda Chokwadi chaicho, usavarambe, rega kuvakavira kunze uye woti havasi maChiri, nekuti Mwari vanoshandisa masendi imwe nguva.

⁷⁶ Roti aingova sendi, Abrahama aiva dhora resirivheri, saka zvaitora vana Roti zana kugadzira Abrahama. Uye saizvozvo zvaitatora . . . Vatendi vepanyama zana havazombomira muhupo hweMukristu wechokwadi uyo akapatsanurwa kubva kune zvinhu zvenyika, achirarama muna Kristu Jesu, umo Shoko rinokwanisa kuyerera kuburikidza nemaari.

⁷⁷ Iye anokwanisa chete kutora zvinokwanirana nesendi; ndizvo zvoga zvaanazvo. Saka unoona vanhu avo vanoti, “Handitendi mukupodzwa. Handitendi muzvinhu izvi,” ingoziva kuti isendi, asi ingomusiya akadaro. Maona? Anongokosha zvinoenderana nesendi, uye saka ndizvo zvoga zvaanokwanisa kutenga. Rega kumumisa; ingomusiya akadaro. Rangarira, kunongoriko kwega kwaanokwanisa kuenda.

Josefa, akanga akapatsanurwa kubva kune hama dzake.

⁷⁸ Hongu, ndanga ndisingareve izvozvo kwete nenzira iyoyo yandazvitaura nayo, munoona. Ndinoreva, kana iye akango, “Zvakanaka, ndiri wekune iyi, uye ndizvo zvatintenda.” Anongova sendi, enda mberi, munoona; anongova sendi.

Iti, “Zvakanaka, Ishe vakuropafadze, hama yangu.”

⁷⁹ Munoona, iye imhangura; haambokwanisa kuva sirivheri. Ndizvozvo, saka ingomurega achienderera mberi. Mwari vanokwanisa kumushandisa. Oo, iYe ari kurishandisa. Ndingasva hangu ndamuona zasi uko ari muchechi pane kuona bhawa rakamira apo pakona. Hawaizodaro here? Chokwadi. Saka ingorirega rakadaro. Mwari vanokwanisa kurishandisa, zvakadaro; zvichida kwete zvakananyanya, asi iVo vanozoshandisa izvo zvaVanokwanisa kushandisa, sekuwanda kwezvavanoVatendera kuti vashandise.

⁸⁰ Saka zvinoita senzira isina kuremekedza yekuratidza chero chinhu chipi zvacho, asi ini . . . Zvakanaka, ndinotarira munowana Chokwadi chandinoreva mazviri, izvo—izvo zvazviri kureva. Maona?

⁸¹ Iye haakwanise kutenda mukunzvera uye nemasimba aMwari izvo zvakavimbiswa zvezuva ranhasi.

⁸² VaFarise vaya havaikwanisa kuzviita, naivowo. Havaikwanisa kuona Jesu ari Mwari. Oo, kwete. “Iwe unozviita Mwari pachako; munhu hake?”

⁸³ Rimwe zuva Akange akamira ipapo, mushure mekunge Awedzera marofu echingwa, nezvimwe zvakadaro, kuitira ivo, zvino iYe akati, “Kunze kwekunge madya chi—chingwa chemutumbi weMwanakomana wemunhu, uye nokunwa Ropa raKe, hamuna Hupenyu mamuri.”

⁸⁴ Oo, ndinofungidzira, ungoro yaKe, vakafamba vachibva paAri. “Murume uyu anotitarisira kuti tive vanodya nyama yevanhu, kudya nyama yemumwe munhu here? Oo, ndiko kupenga!” Madhokotera nevanachiremba vekurapa, nevamwe vakadaro, vakati, “Murume uyu anopenga. Ndizvo zvoga zviripo. Muprisita ndewe chokwadi. Murume iyeye anopenga. Kutipa muviri wake kuti tidye?”

⁸⁵ Ndizvo zvoga zvaAkataura, munoona, asi pfungwa yemweya, zvichida ivo havana kukwanisa kuRinzwisisa. Vadzidzi ivavo, vakange vasingazive chaizvoivo zvaRaireva, asi vaiRitenda zvakadaro. Nekuti, iRo rakabva kupi? Rakabva kune Uyo wavaiziva kuti aiva Mwanakomana waMwari.

⁸⁶ Ndinokwanisa kutadza kunzwisisa zvese zviru muno, asi ndinoZvitenda. IShoko raMwari. Ndinoda kuzvipatsanura kubva kune chinhu chipi zvacho chinopesana naRo. Ndakaedza kumira saizvoivo.

⁸⁷ Cherechedzai rimwe boka, vane makumi manomwe, avo vaAkadana. Rimwe zuva Aive akamira, achitaura kwavari, zvino Akati, “Mwanakomana wemunhu achakwira kuenda Kudenga uko kunova kwaAkabva.”

⁸⁸ Ivo vakati, “Murume uyu? Iye akatitora kuenda kunzvimbo kwaakaberekerwa. Tinoziva amai vake, Maria. Handiti, tinoziva vanin’ina vake. Tinovaziva vese. Uye zvakadaro Murume uyu ari kuzotora...Mwanakomana wemunhu ari kuuya, ari kukwira kumusoro Kudenga uko kunova kwaAkabva? Iye akabva kuBheterehema. Ko Akazviita sei izvoivo?” Munoona, iYe akazvita nenzira iyoyo, munoona, zvino havana kuzofamba naYe zvekare. Ivo vakafamba ndokuenda. Ivo vakati, “Aa, Murume uyu, tinoziva kuti pane chimwe chinhu chakakanganisika naYe.”

⁸⁹ Ivo vadzidzi vakagara ipapo chaipo. Maona? Ivo vaitenda. Vakanga vaona Shoko rakavimbiswa rezuva iroro, richisimbiswa pamwe nekuratidzwa naYe. Ndiani aikwanisa kusika, asi Mwari pachaVo, vaikwanisa kutora chingwa uye... Ivo vaiziva kuti iYe aiva Mwanakomana waMwari. Kunyangwe zvaive muzvirahwe kana kuti kwete, kuti kunyangwe vaiRinzwisisa here kana kwete, ivo vaingofambira mberi, zvakadaro, nekuti Shoko rakanga rakasimbiswa, uye ivo vakanga vakapatsanurwa kubva kune chinhu chipi zvacho chaipesana naRo.

⁹⁰ Mwari vatibatsire kuti tive nekutenda kwakadaro! Tinotenda Bhaibheri iri kuti ndiro Chokwadi. Ndinokwanisa kunge ndisina kutenda kwakakwana kuti ndiite kuti vimbiso dzese dziitike, asi ndinoRitenda, zvakadaro. Ndinotenda nguva yatiri kurarama mairi.

⁹¹ Josefa, akapatsanurwa kubva kune hama dzake, pasina chikonzero. Zvino, chii chaiva chakakanganisika navo? Iye akanga asingadi kupatsanurwa; kwakanga kusiri kuda kwake kupatsanurwa. Asi ivo vakazvipatsanura pachavo kubva kwaari, munoono, kubva kune dhora rake raipenya, richibwinya; ravo raive sendi haraikwanisa kumisidzana nro. Vaiziva kuti vaive madzitateguru. Vaiziva kuti Isaka aive wavo...kana kuti, ndiregerereiwo, Jakobho aive baba wavo. Uye vaiziva kuti ichocho chaive chokwadi. Asi Josefa akaberekwa...Iye haaikwanisa kuva nehekuita nazvo. Iye aiva wemweya. Aiona zviratidzo, aikwanisa kududzira hope, uye zvaiva zvakarurama kwazvo. Chero chipi chaaitaura, chaiva chokwadi. Uye madzikoma ake madzitateguru, vakasundwa negodo, uye vakamutengesa kune vaEgipita. Munoono, ivo—ivo vakazvipatsanura pachavo kubva kwaari nekuti vaiva masendi. Iye aiva wemhando yakasiyana.

⁹² Ndizvo zviru mutendi wechokwadi nhasi, iye ndewe mhando yakasiyana. Ivo vachazvipatsanura pachavo, (havaRinzwisise), mhangu kubva kune sirivheri.

⁹³ Zvino tinoona kuti, ivo vakasundwa negodo vakamutengesa. Sei? Vanoita chinhu chimwe chete nhasi. Zvazvainyatsova chaizvo, ivo vakati vaiva...Zvaiva nekuda kwegodo. Vakanga vasingade kudzikisirwa pasi, nekuti mhando yezvakanga zviru mavari yakanga isiri iyo mhando yezvakanga zviru maari. Uye, nekuda kwazvo, ivo vakava negodo, nekuda kwekuti vaiva masendi asi iye aiva dhora. Maona?

⁹⁴ Zvino, dai sendi raizoti, “Zita raShe ngariropafadzwe! Hama yangu, dhora ari pano, munoono, ini handigone kuita chenji yaari, asi ndichaita iyo yandinokwanisa.” Ndizvozvo zvacho, taizofambira mberi pamwe chete ipapo. Mwari vaizoita kuti hurongwa hwaVo hubudirire.

⁹⁵ Sekuparidza kwandakaita kwamuri, Svondo, Mutinhimira mukuru weShoko raMwari uchiridzwa. Shanduko nemharadzano ndiMwari chete vari kushandura nguva, semu—mutungamiriri wemumhanzi. Apo patinoona shanduko idzi dzemazera neshanduko dzenguva, tarisai zasi paBepa *pano*, uye munoozooona kuti tinofanira kuva pano. Ivo vanofanira kuita izvi; hapana imwe nzira yekuti vabve pazviru.

⁹⁶ Uye mumhanzi, kune munhu asinganzwisise mutinhimira wacho, kuti unombova chii? Iwo unongova ruzha rwuri kurira. Iye haazvinzwisise. Haatombozvifarire. Iye ari kungoshuva,

“Ndinoshuva kuti dai vachivhara, kuitira kuti ndiende kumba.”
Haazvifarire, nekuti haazive mutinhimira. Haauzive.

⁹⁷ Asi Munyori anoziva magumo kubva kumavambo. Maona? Zvino kana uyo anotungamirira asiri muMweya mumwe chete weMunyori, iye haakwanise kuzviita, nekuti zvese zvinoitwa nemifananidzo. Uye kana mufananidzo usingaRisimbise, ko vaimbi vanozaRiridza sei? Amen! Ndizvozvo chaizvo.

⁹⁸ Kana hwamanda ikapa ruzha rwusinganzwisike, ndiani anogona—anogona, ndiani anozoziva kuti anogadzirira sei hondo, kudzokera shure, kana kuti woita sei?

⁹⁹ Tarisai paShoko uye moona apo patiri kurarama, ipapo unokwanisa kuona masendi, izvo zvaanoita. Asi unokwanisa kuona avo vari kuvaima, vachitarisa, uye vachiziva Shoko, uye vachitarisira zviratidzo izvi kuti zviitike. [Hama Branham vanoridza munwe wavo—Mupepeti] Hezvoka izvo.

¹⁰⁰ Semudzimai uye mudiki patsime, apo iYe paakati, “Enda unotora murume wako,” iye akati, “Handina kana.” Akati, “Ndizvozvo. Ume vashanu.”

¹⁰¹ Iye akati, “Changamire, ndinonzwisisa kuti muri muporofita. Hatina kumbova navo kwemazana emakore. Asi tinoziva kuti Mesia ari kuuya, uye iYe achange ari muporofita. Ndizvo zvaAchaita.”

Iye akati, “Ndini iYe.”

¹⁰² Oo, Mutinhimira wakarira zvakanaka kwazvo, kubva zasi chaiko kusvikira kumusoro. Iye akamhanyira muguta, uye akati, “Huyai, onai Murume andiudza zvinhu zvakadaita. Ko haasi iye Mesia chaiye here uyo watanga takatarisira?” Zvirokwasvo.

¹⁰³ Munoono, akanzwisisa izvo bepa reMumhanzi waiva muMumutinhimira, uyo unopatsanura kutenda kubva pane kusatenda. Kutenda kunokwanisa chete... Hakuuye nechechi; kutenda kunouya nekunzwa Shoko raMwari, kuziva izvo zvaRiri. Zvino tinoona chinhu chimwe chetecho nhasi.

¹⁰⁴ Vanhu vakawanda vanotarisa kune zvipo. (Mukupfiga zvino, mamwezve maminiti mashanu.) Vanhu vanotarisa kune zvipo, uye vanofunga, “Oo, chinhi chikuru chakadini,” uye vanoedza kutevedzera zvipo. Haukwanise kuita izvozvo. Haungo... Haukwanise kugadzira se—se—sendi kuti rive dhora, haukwanise kurigadzira kuti rive shereni, munoono, haukwanise kuriita kuti rive kobiri remasendi mashanu. Iro isendi. Asi kana ukangozvicheredza pachako sesendi, uye woenda pamwe chete neimwe chenji yese, unoono, Mwari vanokwanisa kukushandisa. Tinogona kutadza kuita zvinhu zvose. Pakanga pasina munhu wese... .

¹⁰⁵ Mwari pavakadana Israeri kuti vabude muEgipita, mumwe nemumwe wavo akanga asingafanire kuita zvakafanana nezvakaitwa naMosesi, asi ivo vakazvitenda. Ndizvozvo.

Vaitenda Mosesi, nekuti vaiziva kuti chaive chiratidzo chenguva, uye kuti Mwari vakanga varatidza kuti iye aiva neShoko raVo.

Ivo vakati, “Farao ane mapfumo.”

Iye akati, “Asi Mosesi ane Shoko raKe.”

¹⁰⁶ Ndizvozvo. VanaFarao vanokwanisa kuve nemauto, asi Mosesi aive neShoko nekuti aive muporofita waMwari. Uye Shoko rakauya kwaari, uye rakanga rakasimbiswa kuti Raiva Chokwadi. Vaiva Mwari vanorarama aVo vaikwanisa kutora guruva vorikanda mumhepo ndokuita kuti nhata dziuye. Munhu haakwanise kuzviita izvozvo. Semunhu uyo akamira ipapo, uye akati, “Mangwana panguva dzingade kuita sedzino pachazova *nechakati-ne-chakati*,” uye zvakavapo. Maona? Vaiziva kuti Mosesi aive neShoko raMwari. Hazvina mhosva kuti Farao aiva nemapfumo nemajeri epasi mangani, uye kuti zvidhina zvingani zvekugadzira; Mosesi aiva neShoko, saka vakatanga kuenda murenje.

¹⁰⁷ Paiva nemurume, Dhatani, akati, “Mosesi anozvitorera zvakanidzisa paari iye. Tose tiri vanhu vatsvene, saka isu tese tinofanira kukwanisa kuita zvakaiziva naMosesi.”

Uye Mosesi akati, “Mwari, ko zvakaiziva izvi?”

¹⁰⁸ Ivo vakati, “Zvipatsanure pachako. Ibva pavari.” Zvino iVo vakazarura nyika, uye vakamedza Dhatani neboka rake.

¹⁰⁹ Ivo vakapatsanura Chiedza kubva kune rima, nekusimbisa Shoko raVo. Ndivo Mwari mumwe chete nhasi.

¹¹⁰ Mukuvhara. Ndanga ndichikuudzai, husiku hwapfuura, apo pandakatanga kuuya pano. Izvi hazvinei nechekuita neni. Kana uchifunga izvozvo, zvino ndapota dzikisa maketeni emwoyo wako. Ndiri kutaura izvi kune vanhu vanotenda.

¹¹¹ Zvakataurwa uye zvikaudzwa chaizvo izvo zvinhu zvaizoitika, zvichidzika kuburikidza nemuzera, uye imi mose muri zvapupu zvaizvozvo, sezvamakapupurira husiku hwapfuura, kubva pakunzvera, zvichidzika. Uye kuti paizova sei nevanotevedzera, vachitevedzera, nezvimwe zvinhu zvose zvichiitika.

¹¹² Asi, chinhu chekupedzisira, kwaizova nechinhu chikuru chaizoitika. Tanga tichichitarisira kwemakore. Uye isu tose tinoziva pazvakaitika pekutanga, apo chisikwa chakavapo, nguva yechitatu. Uye zvadaro nguva yechina. Husiku hwapfuura ndakakuudzai nguva yechishanu pazvakaitika.

¹¹³ Uye zviru kumirira Kanzuru yeMachechi iyi, apo painobatana, pamwe nemaProtestanti. Kana ndikataura Svondo mangwanani, ndizvo zvandiri kuda...Ndinoreva Mugovera mangwanani, ndizvo zvandiri kuda kutaura nezvazvo, munoona, zvino. Uye zvadaro apo aya paanobatana pamwe chete, ipapo Mweya waMwari unogarisimudza chiyero uchipesana navo. Maona?

Pane murume akagara pano, manheru ano, anova chapupu cheizvozvi.

114 Ndakanga ndiri kuColorado, kwete nguva refu yapfuura, matsutso ayo apfuura. Ndinoenda kumusoro ikoko panzendo dzekunovhima. Uye, semazuva ese, ndinenge ndiri kumusoro ikoko pazuva remuchato wangu. Apo mudzimai neni patakachata, ini—ini ndakange ndachengeta makobiri angu nezvinhu, uye kubva kubasa kwangu, uye ndakange ndinawo ari mugaba remunyu wekubikisa chingwa. Uye ndakange ndisina inokwana kuti tiende kunosasana mushure memuchato, uye ndoenda kunovhima; saka ndakangozvibatanidza pamwe chete, zvino ndakamutura kuenda parwendo rwekunovhima, kuitira kusasana mushure memuchato. Saka kubva ipapo, ndave, pakunyara kwangu, ini handina kumbobvira ndava kumba naye pazuva remuchato wedu. Ndakanga ndiri kuColorado.

115 Husiku hwapfuura ndakaona vashumiri vaviri kana vatatu vaiva pano, avo vaiva neni kumusoro ikoko mumusasa, uko kwandakatozouya zasi ndichibva kuAlaska uye ndokusangana navo, kunovhima. Vaiva vakomana vekwaMartin. Ivo vakanga vari pano husiku hwapfuura. Ini...Vari pano, kumashure-shure chaiko uko. Uyezve mumwe muchinda uya mudiki, ndakanganwa zita rake, akagara...Wakanga uriko here, zvekare, mukomana? Ndizvozvo. Uye zvichida Hama Palmer vari pano here? Ini...Zvino takanga tiri kumusoro mumakomo. Uye ini ndiri mutungamiriri muColorado, ndakavhima imomo kwemakore.

116 Uye nguva dzose zuva redu remuchato, zuva rechimakumi maviri nematatu raGumiguru, parinouya...Pane imwe nzvimbo diki uko kwandakaendesa mudzimai pakusasana kwedu shure kwemuchato, kumusoro kuAdirondack Mountains, zvino nzvimbo iyi inotaridzika zvakangoita sayo, kungoti chete zvaiva...Iyi miti yemiquaking asp kumusoro kuno, sango diki, zvino kumusoro uko kwaiva nemiti yemibirch. Uye ndakafamba kunze ikoko, musi wechimakumi maviri nematatu, imwe nguva masikati, ndikabvisa ngowani yangu uye ndikatenda Ishe nekuda kwemudzimai akanaka, akatendeka uyo anga akatendeka uye aine mwoyo munyoro kwandiri mumakore ose aya, uye akandibatsira, apo pandaienda kunoparidza Vhangeri.

117 Uye kwakange kwakaoma zvakanyanya muColorado gore rino, sezvazvakange zvakaita nemunyika yese. Zvino kamwe-kamwe ipapo kwakave...Ndinofungidzira kuti kwaiva nevarume mazana maviri kumberi kwedu, kana kuti varume zana, ndiregerereiwo, varume vangada kuita zana kumberi kwedu, kumusoro kwemisasa. Uye vakanga vachipfura kumusoro ikoko, kwemazuva mana kana mashanu. Uye ini ndakange ndapfura nondo, iyo yandakange ndichivhima kwemakore. Uye, asi ini...kwakauya mhute yakasimba

ichidzika, uye handina kukwanisa kuiona; handina kuiwana. Uye ndakange ndichiivhima zuva iroro.

¹¹⁸ Zvino zuva raitevera, nhare kana kuti iyo...kwakabuda pawairesi, “Dutu guru riri kuuya, rinokwanisa kudonhedza mafiti makumi maviri echando mumakomo aya pahusiku hwese.”

¹¹⁹ Uye saka ini ndakati kune hama. Ndakavadana kuti vauye. Vakomana vekwaMartin vaivako zvekare. Ini ndikati, “Hama, manzwa izvo zvataurwa nenhau. Zvino, kana muchida kubuda, zviri nani muende iye zvino, nekuti pachazenge pachisina nguva. Munogona kugara kuno kwevhiki. Uye ini ndinofanira kuenda, nekuti Muvhuro notevera ndine musangano, Christian businessmen, Full Gospel Business Men kubato riri kuTucson. Zvisinei, imi itai sarudzo yenyu. Kana muchida kugara, ndiri mutungamiriri wenyu, ndichagara pano nemi.”

Mumwe nemumwe wavo akavhotera kuti, “Tichagara. Tichagara.”

¹²⁰ Vakomana vekwaMartin, vaine motokari inomhanya zvishoma, kana kuti motokari inomhanya kwazvo, waro, ivo vose...Taiva nedzimwezve nondo ipapo, takadzipa kune vakomana vekwaMartin nevamwe, zvino ivo vakabva vaenda; nekuti ivo havaizobuda ipapo, ndizvo zvoga. Saka, ivo, vakagara pano sechapupu manheru ano.

¹²¹ Uye ipapo zuva rakatevera, ndakafunga...Zvakanaka, hakuna kunaya chando zuva iroro, zuva ravakabuda. Ini ndikati, “Ndiri kuzofonera mudzimai uye ndomuudza kuti ndinotenda kwazvo nekuda kuva kwakwe mudzimai akanaka, nezvose. Izuva remuchato wake. Uye zvadaro mangwana ndichakwira kumusoro kunzvimbo iya, kana tasvika kumusoro ikoko, kuitira chando.”

¹²² Uye saka ini—ini ndakapinda, uye handina kukwanisa kumufonera. Ndakadzoka. Uye munhu wese muguta achigadzirira, uye dutu guru rakanga richiuya, uye bepa rakati “raikwanisa kudonhedza mafiti makumi maviri echando muColorado,” husiku ihwohwo.

¹²³ Hama Tom Simpson vakagara pano pane imwe nzvimbo manheru ano, kana kuti vanofanirwa kunge. Ivo vaiva muCanada uye vakange vari munzira yavo vachidzika, uye ivo vakanyenyeredza. Zvikanzi, “Nyenyeredzai Colorado! Dutu guru!” Muri pano here, Hama Simpson? Muri kupi? Hongu, vakagara kumashure-shure kuno. Uye ivo vakavaudza, “Nyenyeredzai Colorado. Dutu guru riri kuuya.”

¹²⁴ Saka ini—ini ndakaudza hanzvadzi, uye—uye mudzimai wemumwe murume, Hama Evans. Handifunge kuti Hama Evans vari pano manheru ano, kunze kwekunge vachangopinda. Muri pano here, Hama Evans? Uye handifunge kuti vati vasvika kuno nazvino. Ivo vachange vari kuno pakonivhenisheni, ndizvo.

Saka ndakafonera mudzimai wavo, uye ini ndikati, “Handina kukwanisa kuwana mudzimai wangu; abuda kuenda kuchitoro.” Uye ini ndikati, “Mutaurirei kuti audze Hama Tony Stromei,” avo vaiva mutungamiriri webato racho, “kana ndisati ndasvika ikoko Svondo, wanai mumwe mutauri ange akagadzirira, nekuti ndinogona kutadza kubuda kubva muno zvachose. Ndine varume ava.”

¹²⁵ Zvadarwo chii chakaitika? Cha... Husiku ihwohwo hakuna kuita chando. Mangwanani aitevera, makore akange ari muzasi kwazvo uye akatsamwa. Ini ndikati, “Zvino, hama, ini ndakafudza mombe imo muno, kwemakore, uye ndikatungamirira. Donhwe diki rekutanga remvura yekunaya, dzokerai kumusasa nekukurumidza sekukwanisa kwamungaite, nekuti mumaminitsi gumi nemashanu ndakaona nguva yawaitadza kuona ruoko rwuri pamberi pako, kwemazuva maviri kana matatu, panguva imwe, dutu raimonyoroka.” Iwayo mafiti zviuru zvipfumbamwe ipapo chaipo. Uye ini ndakati, “Iwe, unozenge wangova mukati medutu, uye unozorasika, zvino unozofira muno mumakomo. Zvino tichabuda tichienda...” Ndakaisa murume mumwe nemumwe panzvimbo, zvino ini ndikakwira kumusoro chaiko. Uye ini ndikati, “Zvino, kana ini ndikarega... Regai kundimirira kuti ndidzoke. Kurumidzai nekukasika pakunotanga; kadonhwe kadiki kekunaya, manyai nekukurumbidza kumusasa, uye nekuti hamuzokwanisa kuwana nzira yenyu yekudzoka.” Ivo vakati vaizozviita.

¹²⁶ Ini ndakakwira kumusoro. Makava achidanidzira kwese-kwese, uye ndakaziva kuti mamiriro ekunze akanga ari kuzoshanduka. Zvadarwo, kamwe-kamwe, mhopo huru yaivhuvhuta yakauya, uye mazaya echando akatanga kudonha. Uye ini ndikati, “Ndinofungidzira kuti munhu wese ari kudzokera.”

¹²⁷ Saka, ndakamira ndikatarisa kwese-kwese. Ndakafunga, “Ndinoshuva kuti dai ndakwanisa kuwana nondo iye ndisati ndadzokera, nekuti chando chinozoifukidza, uye haizowanike zvekare kusvikira mupfumvudza.” Saka ndakafunga, “Ndavhima nondo iyoyi zvakaomarara.” Uye iyoyo ndiyo yaiva nondo yekutanga yandakarega ichienda saizvozvo, kubvira ndava muridzi wepfuti ino diki, ndakauraya mhuka makumi mashanu neshanu nayo. Uye ini ndakafunga, “Zvakanaka, zvino, ini—ini ndinongovenga kuona ichienda saizvozvo.”

¹²⁸ Uye muchinguvana, magodo makuru echando akadonha, aitaridzika semakobiri emasendi makumi maviri nemashanu, achingodonhera kwese-kwese, uye mhopo yakatanga kuvhuvhuta, uye ndaitadza kuona kuti ndoburuka sei kubva panhongonya yegomo iri. Uye ndaiziva kugara pachikomo ichi. Zvino dai ndaidzika zasi uye ndosvika pakahova, ndaizoenda ndichidzika nekahova ikako kusvikira ndasvika pabhiriji diki revanofamba netsoka, zvadarwo ndaikwanisa kutsvanzvadzira

nzira yangu dzamara ndasvika kwaiva nemusasa. Ndiyo nzira yega yawaikwanisa kubuda nayo. Uye saka ndakafunga, “Kana ndikangofamba neimwe nzira kana kuti neimwe yacho, ndizvo zvoga, hauzombowanikwe zvachose, saka iwe unozofa uri imomo chaimo.”

¹²⁹ Saka ndakatanga kudzoka ndichidzika mugomo, uye ndakaburuka zvingaite, oo, ndinofungidzira, mayadhi mazana matatu, kana mazana mana, kubva pandaiva.

¹³⁰ Zvino, izvi zvinoita sezvisinganzwisisike. Asi ndine Bhaibheri riri pano pamberi pangu, Baba veKudenga vachindipupurira. Ndakapotsa ndamhanya, ndichiedza kuburuka, mhengo yaivhuvhuta zvakaomarara kwazvo kumusoro ikoko, uye ndaikwanisa kuona angaite mafiti makumi maviri kumberi kwangu, mumiti yakabatana mandakange ndiri, mumiti, uye mhengo ichivhuvhuta pamwe nekumonyoroka. Zvino Inzwi rikati, “Mira! Dzokera uko kwawabva.”

¹³¹ Saka, ndakamira. Ndakafunga, “Zvichida urwu rwunongova ruzha rwemhepo iyo. Ndakange ndisingafunge pamusoro pechinhu chakadaro.” Zvino ndakamira kwekanguva.

¹³² Uye mumwe wevakomana akange andigadzirira sangweji, zvino ndakaiburitsa, uye iyo yaiva sangweji chaiyo; uye ini, kuchinaya uye ndichidikitira, iyo yakange iri chigodo chakakura che—chechingwa chine nyama mukati, pane imwe nzvimbo. Zvakanaka, ini—ini ndaiita sendine nzara, saka ndakaidya, zvakadaro. Uye ndakange ndakamira ipapo. Uye ndakafushira chimedu chidiki chebepa; kuti, mhuka inozone zvinhu izvozvo, uye, chero chinhu chipi chinova chebudiro yehungwaru, idzo dzinomhanya dzobva dzaenda.

¹³³ Saka ndakamira ipapo zvishoma, uye ndakafunga, “Zvakanaka, ndichangoenderera mberi.”

¹³⁴ Ndakatanga kuenda. Uye zvakangojeka sekunzwa kwamuri kuita inzwi rangu, Chimwe chinhu chakati, “Tendeuka udzokere uko kwawabva.”

¹³⁵ “Ko aizova sei Mwari achinditaurira kuti ndifambe kupinda mumuteyo iwoyo werufu?” Ndakamira ipapo kwechinguvana, uye ndikafunga, “Ndiye mumwe chete Iyeye uyo akataura nezvetsindi.”

¹³⁶ Mumwe chete Iyeye uyo wandakakuudzai pamusoro pake husiku hwapfuura, pamusoro pemudzimai wangu; ringori inzwi, ringori inzwi remunhu. Mumwe chete Iyeye akandiudza, apo pandaiva mukomana mudiki, “usafe wakanwa kana kusvuta,” uye zvinhu izvi zvaizova mumazuva ekupedzisira. Mwari, uye ini ndichitaura izvi ndiine Bhaibheri iri pamusoro pemwoyo wangu, chii chakanaka chazvinozoita kwandiri kuti ndikutaurirei chimwe chinhu chakatsveyama uye ndichiziva kuti ndiri kuendeswa mweya wangu kugehena? Maona? Ichokwadi. Hazvina kujairika, asi ichokwadi.

137 “Zvakanaka,” ndakafunga, “Ndinoziva zvakakwana kuti nditeerere Inzwi iroro. Ko ndingadirei... Ivo vane chimwe chikonzero chekuti ndikwire kumusoro ikoko. Zvichida yave nguva yangu yekuenda.”

138 Saka ndakatendeuka, uye ndichifamba hangu nemurenje dzamara ndasvika kumusoro pamukaha uya wepamusoro pegomo zvekare, kumusoro-soro chaiko, zvichida mayadhi mazana matatu, mazana mana kumusoro, ndichienda ndakarurama kumusoro kwegomo, saizvozvo zvekare. Zvino kwakanga kwava nerima guru kumusoro ikoko ipapo, handaikwanisa kuona kana chinhu; mhopo, miti yakangorara uye ichimonyoroka.

139 Zvino ini ndakatora pfuti yangu, ndakanga ndakapfeka shati tsvuku nekepisi tsvuku, uye ndakaisa pfuti, kuti pasaita chiutsi chemvura chingaenda pa-pasikopu imomo, nekuti zvitsere nezvimwe vakadaro zvinofamba mune mhando dzenguva dzakadaro, ndizvo zvinoitawo shumba; uye kana ndaizosangana neimwe, iyo sikopu yakazara nechutsi. Zvino ndakangoisimudza seizvi, kwete kuti yakagumhana neni, kwacho kwayaizotora chiutsi, asi kuchengeta mhute yakasimba kubva pairi, uye nehunyoro hunobva muchando. Zvino ndakagara pasi pemuti.

140 Ndakanga ngakagara ipapo. Ndikafunga, “Zvakanaka, ko Vanodirei kuti ini ndiuye kumusoro kuno? Ini—ini handitendi zvakananyanya kuti ndinokwanisa kuwana nzira yangu yekudzika zvino, iyo... kwava kuipa zvakananyanya.” Ndaikwanisa kuona zvingade kuita mafiti gumi kana gumi nemashanu, zvichida, uye kana kutombosvika kwakadaro, dzimwe nguva zvisingadariki mafiti mashanu, uye zvichiwedzera kuoma nguva dzose. Zvakanaka, ini—ini ndakafunga, “Zvakanaka, iVo vati dzoka. Zvose zvandinoziva kuita kugara pano.” Uye chando zvino chave zvingade kuita seinji, kana inji nehafu, zvichida mainji maviri, chiri pasi. Kwaitenge kwave kuda nemaminitisi makumi maviri kana makumi matatu. Uye—uye kwaivhuvhuta zvakaomarara kwazvo, kwakanga kuchichipupurutsa chichibva, zvekare. Zvino ini ndakangogara ipapo kwechinguvana.

141 Ndakanzwa Inzwi. Ivo vakati, “Ndini Mwari weKudenga, Uyo akasika matenga nenyika.”

142 Ndakabvisa ngowani yangu, kepisi, uye ndokugara ndakanyarara. Uye ndakateerera zvakare. Ndakafunga, “Iyo yanga isiri mhopo.” Oo, yakanga ichivhuvhuta, ichiita ruzha.

143 Uye ndakaRinzwa zvekare. Rikati, “Ndini Iye Uyo akanyaradza mhopo dzaiva pagungwa guru. Ndini Iye, Musiki. Ndini ndakasika tsindi muhupo hwako. Ndini ndakaita zvinhu izvi.”

Ini ndikati, “Hongu, Ishe. Ndinokutendai iMi.”

¹⁴⁴ Ndokuti, “Mira netsoka dzako.” Ndakasimuka, patsoka dzangu. Ivo vakati, “Zvino chitaura kune dutu. Iro richaita izvo zvaucharitaurira kuti riite.”

¹⁴⁵ Zvino, ichocho ichokwadi. Ini, apo pandichasangana nemi paKutongwa, ndichava nezvose izvi kuti ndipindurire kwazviri. Ndakafunga kuti iVo . . .

¹⁴⁶ Ini ndakati, “Dutu, enda kunzvimbo yako, mira. Uye, zuva, iwe penya semazuva ese kwemazuva mana.”

¹⁴⁷ Uye hapana kana nguva ndataura izvozvo, mazaya echando nechimvuramahwe, izvo zvanga zvoda kundiwisira pasi, zvakangomira. Uye muchinguva chimwe kana mbiri, zuva rakanga rava kupenya richidzika pasi, pandiri. Uye ndakatarisa zasi kumakomo, ndikaona mhe—mhapo yekumabvazuva ichiuya. Mhapo yaiuya ichibva kumadokero. Mhapo yekumabvazuva yakauya, uye yakanga ichiuya nenzira iyi, uye ndaikwanisa kuona makore angori zvisinganzwisisike . . . Uko kwaakaenda, handizive.

¹⁴⁸ Uye ndakamira ipapo kwechinguva chidiki, misodzi ichiyerera nepandebvu dzangu, uye idzo dzakachena. Ndakafunga, “Mwari, sei, handisi kuziva zvekuita.”

¹⁴⁹ Ndakafunga, “Zvakanaka, ndakanga . . . ndinofungidzira kuti hama dzose dzadzokera mutende. Uye zuva riri kupenya kwese-kwese.”

¹⁵⁰ Ndakatanga kufamba ndichidzika mugomo. Uye chando chose chichioma, nezuva iroro rapisa; chiutsi chemvura chichibuda kubva pashati yangu. Mumutsauko, wechinguva chimwe, kana mbiri. Zvino ndakatanga kufamba ndichidzika mugomo. Uye pandakadaro, ini ndakati . . .

Ndakanzwa Inzwi richiti, “Ko haungadi kufamba neNi here?”

¹⁵¹ Ini ndikati, “Ishe, mukana mukurusa kwazvo wandati ndambova nawo!” Ndakatendeuka ndokutanga kudzoka ndichidzika nemumakwara makuru enondo, ndichidzika nemusango iroro risina charakamboitwa.

¹⁵² Uye ndakafunga, “Saka, ndicharamba ndichifamba ndichidzika nenzira iyo kusvika uko kwandinogara ndichipa kutenda kwangu kuna Meda, mudzimai wangu.” Uye ndakange ndichienda neimomo angava, dzingaita hafu yeawa, zvikamu zvitatu kubva muzvina, pamberi pachu. Chando chakanga chaoma chose uye chaenda.

¹⁵³ Uye ndakatanga kufunga kuti, “Handizive kuti sei iye akanga asina kumbotaura chero chinhu zvacho kwandiri nezvekuenda.” Ini ndikati, “Ndinorangarira apo pandakamutora kekutanga kuenda kumusoro uko uye ndichimusimudza nepamusoro pematanda, apo patakange taroorana.” Ndikati, “Zvino iye achenamusoro.”

154 Ndakati, “Uhm!” Ndebvu dzakachena dziri kumeso kwangu, nhema nedzichena dzakasangana pamwe chete. Ndakafunga, “Bill, hauchisina nguva yakareba. Wava kukwegura.”

155 Zvino ndakataranga kufamba ndichienda. Uye ndakatarisa kumusoro, zvaitaridzika sekunge ndaikwanisa kumuona akamira mberi kwangu ipapo, nemaoko ake akatambanudzwa, achiri nemusoro mutema.

156 Ndakadzikisa musoro wangu. Ndakange ndichikwira pane kamwe kanzvimbo kadiki uko mimwe miti yemuquaking asps, uye pane kukombama kudiki mune mumwe... Ndakangosendamisa musoro wangu pabazi, sezvizvi. Uye ndakange ndakamira ipapo, ndichichema, uye ndaikwanisa kunzwa chimwe chinhu chichiti, “Pati, pati, pati.” Zvino ndakatarisa pasi; yaiva mvura yaibva mumeso angu, ichipfuura nemundeavu dzangu, ichidonhera pane iwayo mashizha akaoma; apo, angaite maminiti makumi matatu kumashure, paiva neinji yechando, uye iko kuine dutu guru rechando.

157 Pandakaburuka kubva mugomo, kwapera mazuva mana; kusina gore rimwe zvaro mudenga, kwemazuva mana. Ndakapinda, zvino ndakati kumurume wepanodirwa peturu, “Ko...kwanga kwakaoma kwazvo?”

158 “Hongu.” Akati, “Munoziva, chinhu chinoshamisa kwazvo, takafanoudzwa nezvedutu rimwe zuva, zvino, munoziva, iro rakangomira kamwe-kamwe.”

159 Uye zvararo ndakadzika zasi kumuganhu weNew Mexico, ndichidzoka kuArizona. Uye ndikati kuna Billy, mwanakomana wangu, ndikati, “Ngatipindei umo uye tinguona kana rakanga riri zasi kuno.”

160 Ndakamira imomo. Wakanga uri musi weSvondo mangwanani. Ndakawana mamwe... Zvino ndakawana peturu. Uye murume wacho akati, “Zvakanaka, manga muchivhima here?”

Ini ndikati, “Hongu, changamire.”

“Makaita rombo rakanaka here?”

161 Ini ndikati, “Hongu, changamire, takava nenguva yakanaka.” Ini ndakati, “Kunotaridzika sekwakaoma kwazvo.”

162 Uye iye akati, “Hongu, kwanga kwakaoma zvakanyanya kwese kuno.” Iye akati, “Takavimbiswa chando chakakura rimwe zuva.” Uye akati, “Munoziva, dutu rechando rakatotanga zvechokwadi, uye hameno neimwewo nzira rakamira.” Oo, ini zvangu! Oo, ini zvangu!

163 Ndakange ndakamira ndakatsamira divi remuti uyu. (Mukupfiga.) Ndakamira parutivi rwemuti uyu, uye misodzi ichidonha kubva mumeso angu. Ndakafunga, “Mwari!”

¹⁶⁴ Ingofungai, Mwari mumwe chete uyo akati, “Rugare, ngakunyarare,” kumafungu, uye nemhepo zvikaMuteerera, Achiri Jesu mumwe chete ari muno chaimo musango pamwe chete nesu. Iye achiri Shoko. Shoko, zvisikwa zvose zvinofanira kuteerera Shoko raKe, nekuti Iye ndiye Musiki wezvisikwa.

Ndakamira ipapo, uye misodzi ichidonha kubva pamatama angu.

¹⁶⁵ Uye kwemakore angaite mashanu zvino, ndanga ndisiri kuenda mumunda wekuvhangeri, ndichingoenda kumachechi uye nechero chipi zvacho chandaikwanisa. Imi mose munozviziva izvozvo. Uye mwoyo wangu wanga wakaremerwa. Ndaizoenda kunze kuno, ndouya kuArizona. Uye iVo vaizondiudza zvinhu zvekuita, ndaizoenda kunozviita, asi zvinotaridzika sekunge rumutsiro rwapera. Uye handaikwanisa...handichaziva kuti chii chaitika. Mumwoyo mangu, ndaitendeuka. Ndaitaura kuti, “Ishe, kana ndakaita chimwe chinhu, nditaurirei; ndichachigadzirisa.” Ndakangoremerwa nguva dzose, angori manzwiwo akashata kwazvo, uye handaikwanisa kuva nekukunda kwandaida.

¹⁶⁶ Zvinhu zvizhinji zvikuru zvaVakanga vaita pamwe nekuratidza, izvo imi mose muri zvapupu zvazvo, ndichiuva pano ndichikutaurirai pamusoro pazvo, tichiona mapepa akazvitakura, uye nemamagazini, nezvimwe zvakadaro, pamusoro pezvinhu zvikuru zvemweya izvo zvakaonekwa uye zvakaitwa.

¹⁶⁷ Asi mwoyo wangu wakanga uchingori wakaremerwa. Uye ndakanga ndakazembera chimuti, zvakangoita seizvi. Uye ndakafunga, “Mwari mukuru weKudenga. Zuva iro rinodziya richipenya pandiri, pasina kana gore chero kupi zvako, uye nguva shoma yapfuura iMi makango—iMi makangopikisana neshoko remunhu. Zvisikwa zvakazviita. Ko zvaikwanisa kuitwa sei, Ishe? Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Raiva Shoko raKe iro raMakangoita kuti ini nditaure.” Ndakafunga kuti, “Baba, ndinotenda kwazvo!”

¹⁶⁸ Ndakanzwa chimwe chinhu chichiti...[Hama Branham vanorova kaviri papurupiti—Mupepeti] Uye ndakatarisa; kumberi kwangu chaiko kwaiva kwakamira nondo mbiri, nhatu, uye dzakanga dzakatarisa kwandiri. Zvino, idzo nondo dzakanga dzapfurwa, kakawanda, muvhiki rakanga rapfuura, uye maiva nevavhimi imomo. Uye hepano ndaiva ndakapfeka zvitsvuku; munhu wese anoziva [Hama Branham vanoridza minwe yavo] kuti dzinobva dzatiza nekukurumidza. Asi dzakanga dzakanditarisa.

¹⁶⁹ Uye, dziri nondo dzekudya, paigona kunge pasina dziri nani. Yaiva nondo hadzi huru, nezvivana zviviri zvakanga zvakura zvakakwana. Uye ini ndakafunga, “Izvi zvakanonaka! Tinoda nondo nhatu.”

170 Chimwe chinhu chakati, “Unoziva, Ishe vadziisa mumaoko ako.”

171 Asi pandaiva neveFull Gospel Business Men, Hama Clayton, rinenge gore zvisati zvaitika, ivo vakaenda nesu apo pandakabata hove huru ine mukurumbira. Gore iroro, kuitira vanhu, ndakauraya nhoro gumi nepfumbamwe. Uye ini... chi...

172 Dzimwe nguva, vanamuzvinabhizimu...Regererai izvi, hama dzangu. Vamwe vavo ndavanachiremba, uye, munoziva, havakwanise kufamba; uye vakafuta, munoziva, uye vazhinji vanogara vari padhesiki. Ivo vanoti, “Billy, ndiwanire imwe chete ine makore maviri ekuberekwa. Ndiwanireiwo mhofu. Ini ndinoda mhembwe. Ndiwanireiwo mu—mukono wenondo.” Zvakanaka, ini ndakangava nekupembera kunze uko, ndichipfura, ndichiwana nhoro nezvimwe.

173 Asi Ishe vakandiudza kuti ndisaite izvozvo. Uye ini ndakaVavimbisa, mudutu rechando iroro uko kuColorado, kwete...makore kumashure kwaizvozvo. Ini ndakati, “Ishe, ndichatungamirira vanhu kune mhuka, asi handichauraira vanhu mhuka zvekare.” Kwete. Kwete kunze kwekunge chiri chinhu chinoda betsero zvechimbi-chimbi uye tichitofanira kuiwana.

174 Uye kana muchirangarira, vakomana, husiku hwacho tsitati tabvako. Hama diki yekare inonzwisa tsitsi zasi ikoko, iyo yakanga isina kuwana nondo. Zita rayo rinonzi ani? Palmer, yakauya kuno, uye ikaisa madhora gumi echegumi muruoko rwangu. Iyo ikati, “Hama Branham, ichi ichegumi changu, chiisei muchechi.” Iyo ikati, “Mungandiwanirawo nondo here?” Oo!

Ini—ini ndikati, “Zvakanaka, ini, Hama Palmer, ndi—ndi—ndichaita zvandinokwanisa.”

175 Uye zvadaro kumusoro uko, Hama Evans vaida nondo, zvino pamberi pangu chaipo pakamira nondo nhatu dzacho; Ndaiva nepfuti yangu iyi pabendekete rangu. Ndakangodzikisa bendekete rangu kudai. Ndakafunga kuti, “Hadzikwanise kutiza kubva pandiri. Dziri pano chaipo.” Ndaiva ndichikurumidza kwazvo nepfuti. “Ndinokwanisa kupfura dzose dziri nhatu dzisati dzambotendeuka.” Maona? Uye ndaiva nepfuti. Ndakafunga, “Hapo padziri, ndizvo.” Ndakangosvatora pfuti...

176 Zvadaro zvakaitika kuti ndakabva ndafunga pamusoro pevimbiso iya. Ndikati, “Handikwanise kuzviita. Handikwanise kuzviita.” Ndikati, “Ndinorangarira imwe nguva iyo mumwe murume akaudza mumwe, ‘Mwari vaisa Joabhi mumaoko ako, kana kuti Sauro,’ Joabhi akaudza Dhavhidhi. Dhavhidhi akati, ‘Mwari havazvitendere kuti ndigobata muzodziwa waVo.’ Ndiyo yaiva vimbiso yangu, kuti handaizozviita.”

¹⁷⁷ Ndakafunga kuti, “Dziri pamusoro chaipo pechikomo ichi. Ndinokwanisa kudzikungurutsa kuenda pasi chaipo apo; tinokwanisa kudzitakura zviri nyore. Nondo nhatu dzakanaka dzakamira ipapo!”

Ini ndikati, “Kwete, handikwanise kuzviita.”

¹⁷⁸ Uye hepano ichi chichiuya kuno saizvozvo, zvivana, zviviri zvakakura zvizere, chimukono nechikadzi, pamwe namai nondo. Zvino dzakauya, dzichifamba, dzichitarisa kwese-kwese, machinda makuru akafuta.

¹⁷⁹ Zvino ndakamira ipapo kwechinguva chidiki. Uye ini ndakafunga, “Izvi hazvitombowanzoitwi, nenondo, uye ini ndakapfeka zvitsvuku saizvozvo.” Ndakafunga, “Ini ndichadzityisidzira.”

¹⁸⁰ Ndikati, “Muri mumaoko angu! Hamaikwanisa kutiza dai maida kudaro, asi handisi kuzokukuvadza. Endererai mberi!” Idzo dzakangotarisisana, uye dzikaramba dzichiuya. Uye dzakasvika pedyo chaipo neni, dzichinditarisa.

¹⁸¹ Saka, ndakaisa pfuti pasi pavhu. Ini ndikati, “Amai, torai vana venyu uye moenda henyu kunze uko musango. Ndiri pano ndichizvifarira hangu muHupo hwaMwari. Ndakavimbisa kuti handaizouraya mhuka ndichiitira vamwe vanhu.” Ini ndikati, “Zvino imi torai vana venyu moenda henyu musango. Ndinofarira masango iwayo, zvekare. Endai zvenyu kunze uko!”

¹⁸² Iyo yakanditarisa. Uye dzese dziri mbiri dzakatarisa kwese-kwese, dzese dziri nhatu. Zvadaro dzakatendeuka dzikafamba dzichienda, uye zvadaro dzakadzoka zvekare.

¹⁸³ Uye ini ndikati, “Handisi kuzokukuvadza.” Ini ndikati, “Endai henyu musango. Muri mumaoko angu. Hamaikwanisa kutiza. Asi,” Ini ndikati, “Ndakange ndiri mumaoko aMwari, uye zvakadaro handina kukwanisa kutiza, neniwo. Ivo vakandiregerera. Ndakaita vimbiso kwaVari. Ndiri kukuregai makadaro. Endai henyu, ivai nenguva yakanaka, farirai henyu masango aya. Ndinoafarira. Imi endai henyu!”

¹⁸⁴ Idzo dzakamira ipapo kwechinguva, uye dzikafamba kusvika pedyo pokuti dzidye kubva mumaoko angu, potse; dzikatendeuka uye dzose dzikanditarisa, saizvozvo, uye dzikafamba ndichienda. Dzakamira ndokutarisa kumashure zvekare, dzikafamba dzakananga dzichienda kunze uko musango. Uye ndakange ndakamira ipapo. Ini ndakafunga kuti, “Izvi hazvitombowanzoitwi, nenondo. Handizive kana zvichiva nekuti Ishe Jesu vari pano, Hupo hwaVo here?”

¹⁸⁵ Zvino pakare ipapo Inzwi rakataura kwandiri, rikati, “Warangarira vimbiso yako, hauna kudaro here?” Ndakaziva kuti vakanga vari iVo.

Ini ndikati, “Hongu, Ishe.”

186 Ivo vakati, “Saizvozvo Ini ndinorangirira yaNgu. Handizombokusiyi. Handizombokurega uri woga.”

187 Mutoro iwoyo wakabva. Shamwari Makristu, hauna kuzodzoka kubva ipapo. Iyeye aiva Gumiguru akapfuura. Ndakava munhu akasiyana.

188 Chengeta vimbiso yako kuna Mwari. Chero chipi chaunotaura kuna Mwari, iwe chitende. Zvipatsanure pachako kubva kune chinhu chipi zvacho chinopesana neShoko raKe. Mwari vachanzwa pamwe nekupindura munamato.

Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

189 Unobvuma here kuzvipatsanura pachako, manheru ano, kubva kune kusatenda kwose, kuti unzwe Shoko raShe? Kana uchizovviita, uye uchitenda kuti Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi! Zvinhu izvi izvo zvaAkavimbisa kuti achazviita, tinoMuona achizviita. Ungasimudza ruoko rwako here uye woti, “Mwari, ndinoita vimbiso kwaMuri manheru ano. Ndinotenda zvinhu zvose zvaMakavimbisa. Ndinotenda Shoko rose; kuti handichambofa ndakapokana zvekare”?

190 Baba vedu veKudenga, iMi munoziva kuti nyaya iyi ndeyechokwadi. Iyoyo yakanga iri nguva yechina. Uye zvadaro nguva yechishanu, yaiva iri yemudzimai wangu anokosha, apo iMi...Vhiki rapfuura, apo chiremba uye achinyora chirevo chiya, bundu riya guru rakabva ruoko rwake rwusati rwamubata; zvichingoenderana nezvarakataura.

191 Zvino, Baba, ndinonamata kuti iMi mugobatsira vanhu ava. Ndinocherechedza kuti ndave kukwegura. Ndinoziva kuti ndinofanira kuenda nenguva isipi. Uye ndinonamata, Ishe, kuti, regai ndive ndakatendeka uye nekuperera kune hama dzangu, regai nditendeke nekuperera kuvanhu veNyu. Kana ndisingakwanise kudaro navo, zvadaro handifunge kuti ndaizokwanisa kudaro neMi, Ishe, nekuti ndinoda kupupurira iMi. Uye ndinonamata kuti Muchaita kuti Shoko rigonyatsorarama matiri, manheru ano, zvekuti Muchapa isu tose kutenda. Uye nechipo chidiki ichi icho. . .

192 Vanhu vanofunga dzimwe nguva kuti chipo ndechimwe chinhu chaunoisa mumaoko ako, uye wobuda uchigadzira nzira yako uchienda. Chipi hachisi izvozvo, Baba. Dai vanzwisisa kuti chipo kuzvibvisa pachako kubva munzira, kuitira kuti Mweya Mutsvene ugokwanisa kuita zvaunoda kuita.

193 Ishe, itai kuti tizvibvise pachedu kubva munzira zvino, uye torega Mweya Mutsvene uye uye woshanda kuburikidza nematiri. Uye dai taona, manheru ano, vimbiso dzaJesu Kristu, idzo...Uyo wandataura nezvake zvakanyanya manheru ano, Ishe, kuti, Iyeye wacho apo Mwari vakaburuka pamberi paAbrahama, akaratidzwa munyama, uye akaziva zvakavanzika zvemoyo, Aiva Mwari. Uye apo paAkaitwa nyama akagara pakati pedu, Aiziva chakavanzika chemwoyo. Uye Bhaibheri

rinotaura kuti, “Shoko raMwari rinonzvera mifungo iri mumwoyo.” Ndiwo maziviro akaita vadzidzi kuti iYe aive Mwari.

¹⁹⁴ Zvino, Baba, dai Mauya manheru ano uye moita kuti matabhanakeri edu anonzvisa tsitsi akaninipa kuti akumikidzwe kwaMuri, kuti Mugotikonzera kuti titende, kuti Mweya weNyu ukwanise kuZviratidza pakati pedu manheru ano, kuti iMi muchiri Shoko. Zvadaro isu tichazvipatsanura pachedu kubva kune kusatenda kwose uye totevera iMi. MuZita raJesu, dai Mataura kwatiri. Amenii.

[Mumwe munhu anopa kurudziro—Mupepeti]

¹⁹⁵ Mwari mukuru veKudenga, ivaiwo netsitsi kwatiri. Tibatsireiwo, O Ishe, kuti titeerere Mirairo yeNyu. Uye tishandisei kuitira kukudzwa kweNyu. Uye tinotenda iMi nekuda kwemashoko aya anokurudzira. Zvino regai Mweya Mutsvene ufambe nematiri uye usimbise mashoko aya. MuZita raJesu Kristu. Amenii.

¹⁹⁶ Ivai nekutenda muna Mwari. Regai kupokana. Ivai nekushinga kwakanaka. Nguva yeKuuya kwaKe iri kuswadera pedyo.

¹⁹⁷ Zvino, manheru ano, tine mapoka emakadhi emunamato. Vangani muno vane makadhi emunamato, simudzai maoko enyu. Zvinozova chinhu chakaoma kwandiri kuti ndipedze boka iroro uye nekunzvera, kana Ishe vaizokupa. Asi regai ndingitora chinguvana uye ndigotaura izvi, vangani vari muno vasina makadhi emunamato, uye muri kunamata here kuti Mwari vazokupodzai? Zvino dai Ishe Mwari vabatsira mumwe nemumwe wenyu.

¹⁹⁸ Ini ndiri hama yenyu. Jesu ndiye Muponesi wenyu. Mwari ndiBaba vedu. Isu tiri vanhu. Hatisi venyika ino, kana takaberekwa naMwari, tiri veKumusoro. Zvino, tisati tava nemutsara wemunamato, kuti tinamatire vanorwara... Uye pane varume pano papuratifomu, manheru ano, avo vanonamatira vanorwara, zvekare, uye nevashumiri kunze uko avo vanonamatira vanorwara. Handidi kusiya maonero ekuti ndini ndega uyo anonamatira vanorwara. Maona? Mwari hava...Ivo havasungirwe kuti vashandise inini. Ivo vaikwanisa—ivo vaikwanisa kungoshandisa iwewe kana chero munhu upi zvake. Nyaya yacho ndeii, kutenda izvo zvaAkataura kuti iChokwadi.

¹⁹⁹ Asi zvino, sekutaura kwandaita izvi mukusimbiswa kweizvo zvataurwa, ngatingokotamisai misoro yedu kwechinguvana. Imi muri kunamata, uye muchirwara uye musina makadhi emunamato, imi namatai uye motaura chimwe chinhu chakaita seichi: “Ishe Jesu, ndinoziva Bhaibheri rinotaura kuti munamato wekutenda uchaponesa uyo anorwara; Mwari vachamumutsa.

Uye zvinotaurawo zvekare kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zero, nhasi, nekusingaperi.”

²⁰⁰ Kana iYe ari mumwe chete, zvakanaka, zvadaro iYe anofanira kuita nenzira imwe chete, kuita zvimwe chete. Uye zvadaro zvekare, Bhaibheri rakataura kuti iro—iro Shoko raMwari rakapinza kudarika munondo unocheka nemativi ose, uye rainzvera pfungwa dzakanga dziri mumwoyo. Tinoziva kuti apo Shoko parakaitwa nyama, muMunhu waJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ndizvozvo chaizvo izvo Mwari vakaita kuburikidza neMwanakomana vaVo. Jesu akati, muna Mutsvene Johane 14, “Mabasa aNdinoita nemiwo muchaaaita, kunyangwe makuru uye akawanda, nekuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.”

²⁰¹ Uye zvino Bhaibheri rinotiwo, zvekare, muBhuku raVaHebheru, kuti iYe ndiye Muprisita Mukuru zvino. Tose tinozvitenda here? Zvirokwazvo. “Iye ndiye Muprisita Mukuru uyo anokwanisa kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu.” Zvino, “Iye ndiye.” Kwete Ini ndiri; iYe ndiye. Hapana munhu ari. “Iye ndiye Muprisita Mukuru zvino uyo anokwanisa kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu.”

²⁰² Zvino, kana uchinzwa uye wagadzirira kubuda uye wongozvisunungura pachako, kune kusatenda kwako kose, uye uchiti, “Regai ndiKubatei, Muprisita Mukuru!” Zvino, kana iYe ari Muprisita Mukuru, uye ari mumwe chete zero, nhasi, nekusingaperi, Iye anozoita sezvaAkaita kumashure, nekuti iYe mumwe chete.

²⁰³ Mumwe mudzimai akaMubata imwe nguva apo paAkanga ari pano panyika, zvinooneka, neruoko rwake. Iye akanzwa kubatwa, uye akatendeuka akati, “Ndiani aNdibata?” Uye vose vakazviramba. Asi iYe akanzvera pfungwa, uye iYe akawana mudzimai wacho, akamuudza kuti chii chakanga chakakanganisika naye, uye kuti kutenda kwake kwakange kwamupodza.

²⁰⁴ Zvino, iYe mumwe chete zero, nhasi, nekusingaperi. Zvichida mudzimai iyeye akanga asina kadhi remunamato, asi iye aiva nekutenda. Uye ndizvo zvoga zvine basa. Ivai nekutenda. Batai Chiremba mukuru. Uye nechipo chaMwari, kana ini ndikangokwanisa pachangu kuzvibvisa munzira, regai Mweya Mutsvene Utaure zvaunoda kuita, uye kuti Uite izvo zvaunoda kuita. Uye ichocho chipo, kwete kungofungidzira. Kana kuri kufungidzira, hazvishande. Kana zviri zvechokwadi, zvinoshanda. Ndizvo zvakataurwa naJesu kuti, “Handisi iNi uyo anoita mabasa, ndiBaba vaNgu avo vanogara maNdiri.” Saka, hazvaikwanisa kuva ari ini. Iye aiva Mwanakomana waMwari; ini ndiri mutadzi, akaponeswa nenyasha dzaKe.

²⁰⁵ Ingotenda. Rega kumanikidzira. Ingotenda, uye woti, “Ishe Jesu, regai ndibate nguo yeNyu.” Ingonamata zviri nyore.

Ramba uchinamata. Munhu wese gara uri pauri, ingonamata uye uchitenda.

²⁰⁶ Ingotenda, uye rega kuva mukukurumidza. Rega kuedza kumanikidzira. Ingotenda. Zvino munotenda here, munhu wese? Mungagona kutenda here? Ingokanganwai zvese zvekumashure. Fungai kuti Jesu akavimbisa izvi. Ndinoziva kuti hazvisi zvatakajairira, asi Jesu akazvivimbisa.

²⁰⁷ Zvino, kana muchida, ivai nekuremekedza kwechinguvana, zvararo tichatanga mutsara wemunamato. Handitaure kuti iYe achazviita. Iye anogona kudaro. Nenyasha dzaMwari, ini—ini ndasunungurwa kubva, ndinofunga, kubva kune kufunga kwangu. Dai iVo. . .

²⁰⁸ Zvino iwe, kana uchinzwa kuda kusimudza musoro wako uye wongotarisa kuno, uye wova mumunamato. SaPetro naJohane vakati, “Tarisa kwandiri,” kwete, “tarisa kwatiri,” waro, hazvairereva. . . Kungoteerera kune izvo zvavaitaura.

²⁰⁹ Zvino imi muri ungano. Hapana mumwe munhu muno zvachose uyo wandinoziva, kunze kwe—kwevakomana ava vekwaMartin vakagara pano. Uye ndinofunga kuti ava ndiHama Daulton vakagara pano, handina chokwadi, makapfeka magirazi enyu matema. Ndichaedza kuvanyenyeredza ipapo, vanhu avo vandisingazive.

²¹⁰ Zvakanaka, zvino dai Jesu Kristu auya nesimba raKe, kuti mukwanise kuona kuti vimbiso yezuva ranhasi, Gwaro iro rakafanotaurwa rezuva ranhasi, kunyangwe maringe naMaraki 4, rinofanira kuzadziswa. Chimwe chinhu chinofanira kuzviita. Mwari vakazvivimbisa.

²¹¹ Pane mudzimai akagara kunze chaiko kuno. Iye ari munzira yake kuenda kuchipatara mangwana. Iye akapinda mutsaona, tsaona yemotokari. Iye akakuvadzwa, ane matambudziko emukati, ruoko rwusina kuita zvakanaka. Iwe hauna ka. . . Une kadhi remunamato here, mudzimai? Hauna. Ndiri mutsva zvachose here kwauri? Ini handikuzive. Isu hatizivane. [Hanzvadzi inoti, “Kwete, changamire. Ndakakunzwai muchiparidza.”—Mupepeti] Amai? [“Ndakakunzwai muchiparidza.”] Makangondinzwa ndichiparidza, asi imi munoziva kuti handina chandinoziva pamusoro penyu. Zvinhu izvozvo ndezvechokwadi here? Kana zviriro izvo, simudzai ruoko rwenyu. Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka, changamire. Ivai nekutenda, hamuchafanira kuenda. Dambudziko renyu rapera.

Mudzimai abata chii?

²¹² Pane murume akagara kumashure kwake chaiko. Hamusi kuona Chiedza icho here? Tarisai Chiedza chine ruvara rweemba chiri kufamba. Murume akagara kumashure kwake chaiko. Iye ari kunamata pamusoro pechimwe chinhu; ihama iyo iri muchipatara. Unotenda here kuti Mwari vachapodza hama yako, vomudzorera pfungwa dzake chaidzo nezvimwe zvose, vomuita

kuti aite zvakanaka? Unotenda izvozvo here? Ndiri mutorwa kwauri. Ndizvozvo here? Ndicho chi-...Tenda! Zvakanaka, unokwanisa kuwana...

Ko iye abatei?

²¹³ Hepano pane mudzimai, kumashure chaiko mumashure meuyo, akagara kumashure kuno. Iye ari...Muri kuona Chiedza icho, muri kukwanisa kuChiona here? Tarisai *kuno*. Tarisai, munhu wese tarisa, onai *apa* chaipo, chakaita sekunge Denderedzwa rinotaridzika seemba. Pasi paRo chaipo pane mudzimai. Iye ari pano, ari kunamatira mumwe munhu. Vana vaviri, muzukurukomana, muzukurubvi mukomana. Mudzimai haabve kuno. Anobva kuCalifornia, uye auya pano achikumbira munamato.

²¹⁴ Zvekare, pane mumwe munhu waanaye. Munin'ina wake. Iye akagara kumashure kuno chaiko, akapfeka dhirezi dzvuku iro. Ane pfari. Ichocho ichokwadi. Iye anobva kuCalifornia, uye iwe wamuunza pamwe naye. Zita rako ndiMary. Iwe tenda nemwoyo wako wose. Zvinhu izvozvo ndezvechokwadi here? Vheyesa ruoko rwako kana zviru zvechokwadi. Unotenda nemwoyo wako wose here? [Hanzvadzi inoti, "Hongu."—Mupepeti] Zvadaro unokwanisa kuwana izvo zvawakumbira. Zvino, chero munhu zvake anoda kuvhunza vanhu ava kana ini ndaivaziva...Une kadhi remunamato here, mudzimai? Hauna here? Hauridi.

²¹⁵ Pano, hepano pane murume akagara kumashure kuno chaiko, akatarisa kwandiri, pamagumo emutsara. Iye ane dambudziko nemabvi ake. Kana aizotenda kuti Mwari vachapodza mabvi acho, iye anokwanisa kuwana izvo zvaari kunamatira pamusoro pazvo. Unozvitenda here? Zvakanaka, dambudziko rako remabvi rapera, changamire. Mune kadhi remunamato here? Hamuna kadhi remunamato here? Hamuridi.

Zvino, "Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi!"

²¹⁶ Mudzimai akagara apa, ane dambudziko remadzimai. Unotenda here? Hongu, mudzimai...Oo, ini zvangu, iye ari kuzozvipotsa. Ane jasi dzvuku. Zita rake ndiMuzvari Daily. Tenda nemwoyo wako wose. Ishe Jesu Kristu vakupodza, Muzvari Daily.

²¹⁷ Bvunzai kana ndichiziva mudzimai wacho. Handina kubvira ndambomuona muupenyu hwangu. Baba veKudenga vanozviziva izvozvo.

Imi moti, "Ko sei imi mamudaidza, nezita rake?"

²¹⁸ Zvakanaka, Jesu akati, "Zita rako ndiSimoni. Uri mwanakomana waJonasi." Ndizvozvo here? Zvino, handiye here iYe, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Munozvitenda here izvozvo kuti ichokwadi? Zvino, ko Jesu akati kudii? Izvi zvichaitika.

219 Uye, rangarirai, ichocho ndicho chaiva chiratidzo chekupedzisira chakapihwa kune Chechi yakasanangurwa, Abrahama neboka rake, mwanakomana wevimbiso asati auya. Ndizvozvo here? Mwari vakange vapa Abrahama zviratidzo parwendo rwese, uye saka ndizvo zvaVakaitawo kuChechi. Asi apo Mutumwa waShe paakaburuka akaita izvozvo, Akaparadza veMarudzi vakanga vasingatendi; uye mwanakomana aitarisirwa, uyo akange akamirirwa, akauya, Isaka.

220 Shumiro ino ichapera munguva isipi, uye Mwanakomana ari kutarisirwa achaonekwa, pachaKe. Chechi yakauya kubva pakururamiswa, kuburikidza nemaLutherani; kucheneswa, kuburikidza nemaHwisiri; kusvika mukubhabhatidzwa neMweya Mutsvene, kuburikidza neMapentekosti; uye zvino zvava kukomberwa mushumiro yeDombo repamusoro, zvichifananidzira nguva dzose kusvikira imomo mune Chakakwana chaicho; mumvuri unomiririra uchiva icho chacho chaimiririrwa, zvararo Jesu achauya kuzatora Chechi yaKe, rimwe zuva, avo vanotenda.

221 Zvipatsanurei pachenyu kubva kune kusatenda, uye mugotenda, manheru ano. Muchazviita here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

222 Regai avo vane makadhi emunamato zvino, kutanga... Ndinotenda kuti ndakanamatira kusvika pamakumi maviri nevashanu, husiku hwapfuura. Ndizvozvo here? Ndinofunga kuti ndizvo zvakanga zvakaiswa pasi, nhamba yekutanga, makumi maviri nevashanu. Zvino makumi maviri nenhanhatu, makumi maviri nenomwe, makumi maviri nesere, makumi matatu, itai mutsara neche *pano*. Nematikadhi emunamato namba yekutanga, itai mutsara kudivi rino neche kuno. Mungazviitawo zvino here?

223 Zvino, tine mutsara wekunzvera wevasina makadhi emunamato. Kuitira kuti vanhu vanoti ndanga ndichiverenga izvo zvanga zviri pamakadhi avo emunamato, paiva ne... Vanhu ivavo vanga vasina makadhi emunamato. Vanongova vanhu vakagara uko, uye zvino zvinoenderera mberi. Vangani vakaona izvozvo zvichiitika kwehafu yeawa panguva imwe, kana kupfuura, saizvozvo, munoono, uye zvinhu zvichiitika. Asi, munoono, tinofanira kuchengeta rimwe simba shoma. Ndine misangano makumi mana nekuraudzira iri mberi kwangu, zasi kwakapoterredza neKumaodzanyemba.

224 Uye zvino fambai muchiuya neche *kuno*, *imi* mune makadhi enyu emunamato, fambai muchienda neche kurutivi urwu. Vese vane makadhi omunamato A, huyai kuno kudivi *iri* neche kuno, makadhi emunamato A.

225 Zvino, vamwe vedu tese, ngatiimbei kuna Mwari, *Tenda Chete*. Mungaite izvozvo here? Tose pamwe chete.

Chete... (Ndizvo zvoga. Kungotenda chii?)

Kutenda Shoko raKe)...tenda chete,

Zvose zvinogoneka, tenda chete;

Tenda chete...

Ishe... Ishe...

226 [Hama Branham vanotaura zvinotevera kune mumwe munhu papuratifomu—Mupepeti]: Zvichida kana ndikadzika zasi uko chaiko, zvichida zvingazoita zvakanaka? Tingaende zasi uko here, kunonamatira vanorwara? Kuenda zasi *kuno*, kunonamatira vanorwara? Zvinotaridzika sekunge tinokwanisa.

227 Vangani vari kufarira kuti vanhu ava vapore? Zvino, munoono, kupodza ndekwaMwari. Ndizvozvo here? Zvino, dai Jesu anga akamira pano manheru ano, aine sutu ino yembatya iyo yaAkandipa, uye anga akapfeka sutu ino yembatya, pachaKe, iyo...

Kana waikwanisa kutaura kuti, “Ishe, Mugondipodzawo.”

228 Ivo vaizoti, “Ndakatozviita neche kare.” “Iye akakuvadzwa nekuda kwekudarika kwedu; nemavanga aKe takapodzwa.” Ndizvozvo here? Munoono, Akatozviita neche kare; zvakatopfuura.

229 Iwe woti, “Ishe, ndiponesei.” Ivo vakatozviita neche kare. Hazvina basa kuti uochema zvakawanda zvakadini, kana kunamata, uye worova pabhenji, izvozvo hazvikuponese kusvikira watenda uye wagamuchira izvo zvaAkakuitira. Ndizvozvo here?

230 Ndicho chinhu chimwe chete chazviri. Ini handipodze vanhu. Handikwanise kupodza vanhu. Asi iYe aizoitei, kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi? Aizoita izvo zvaAngoita zvino, nekuti ndizvo zvaAkavimbisa zvezuva ranhasi. Vangani vanoziwa kuti ndizvo zvaAkavimbisa? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Akazvivimbisa. Hongu, changamire. Akazvivimbisa, muMagwaro ose. Imi mose torai matepi, *Mazera Manomwe EKereke*, nezvinhu, moonno zvinhu izvozvo zvichiratidzwa neMagwaro, kuti zvakarurama.

231 Zvino, kunemi vakamira mumutsara uyu wemunamato, kuti muuye mumutsara uyo wekunzverwa. Jesu akaona chiratidzo chimwe chete, uye Akati, “Ndinonzwisisa kuti simba rabuda kubva maNdiri.” Ndiri simba. Ndizvozvo here? Zviratidzo, unenge uri mune imwe nyika. Zvino, iYe ari pano. Ndiye Uyo wamabata. Maona? Zvino, zvinongoratidza kuti iYe ari pano nesu.

232 Zvino vangani vachatenda, kana tikangofamba nemumutsara uyu, uye monditendera kuti ndinamate pamwe nokuisa maoko angu pamuri, uye mobva madzokera kuchigaro chenyu? Munotenda here kuti kana ndikakunamatirai pano, uye

zvadaro ndoisa maoko pamuri, mumwe nemumwe wenyu anoita zvakanaka?

²³³ Munotenda here kuti anga ari Mweya Mutsvene pano? Waikwanisa kuenderera mberi uchizviita. Kana muchida kurega kuva nemutsara iwoyo, uye kwave kungoenderera mberi nevamwezve, handiti, tinozozviita izvozvo. Munoono, ndizvo izvo, Mweya Mutsvene uri pano. Maona? Hazvisi. . . Zvinongori pane-pane kufunga kwako, kana zvaizokuita kuti utende zvakawedzera.

²³⁴ Asi vanhu vakawanda vakadzidziswa kuti, “Turikai maoko pavari.” Bhaibheri rakati, “Iye akatuma Shoko raKe akavapodza.” Zvakanaka, ndizvo zvaAngoita iye zvino, kusimbisa Shoko raKe, aRitumira kwamuri, akaRisimbisa, uye iRo rikavapodza. Murudzi akati. . .

MuJudha akati, “Huyai, muturike maoko pamwanasikana wangu, iye achararama.”

²³⁵ MuRoma akati, “Handina kukodzera kuti iMi muuye mumba mangu. Ingotaurai shoko!” Uh-huh. Ndizvo zvandiri kuedza kukuitai kuti mutende, munoono.

²³⁶ Asi kana muchida kunamatirwa, uye maoko oturikwa pamuri, zvino ndinoda kuti mumwe nemumwe wenyu abatane neni mumunamato apo patiri kunamatira vanhu.

Ngatikotamisei misoro yedu.

²³⁷ Ishe Jesu, ndinonamatira vanhu zvino. Ivo vari kuziva kuti iMi makamira pano. Ivo vari kuziva kuti iMi muri pakati pevanhu. Uye kana vanhu ava pavanopfuura nepapuratifomu ino manheru ano, dai vakarega kuuya, kungouya nepandiri, muranda weNyu, kana ava vamwe varanda veNyu vakagara pano. Dai vakacherechedza kuti vari kuuya kutemberi yaMwari mupenyu, vari kuuya vari pasi pevimbiso iyo Mwari vakati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vachatenda. Apo pavanoturika maoko avo pane vanorwara, ivo vachapora.” Ivo vakazvivimbisa izvozvo. Vakavimbisa kuti munhu wese aizotenda aizoponeswa, uye munhu wese anotenda anoponeswa. Munhu wese anotenda mukupodzwa anowana kupodzwa. Baba, batsirai kusatenda kwedu zvino.

²³⁸ Mazviratidza pacheNyu kuva pano manheru ano, zvichienderana nemagwaro, kutiratidza kuti iMi muri pano. Zvino ngazviitike kuti munhu wese uyo anopfuura nepapuratifomu pano, kana ari muungano ino, dai pakasava nemunhu ane hutera pakati pedu apo shumiro painenge yapera. Dai Mweya Mutsvene mukuru auya pakati pevanhu vaKe uye atizodze, munhu wese, Ishe, vashumiri vese ava, varanda veNyu vese ava vakagara pano, vari mazana. Baba, ndinonamata kuti mumwe nemumwe weminamato yedu uchaenda kwaMuri apo patiri Muhupo hwaMwari hwePauzima peNyu. Uye dai vanhu ava vanzwisisa, apo pavanenge vachipfuura papuratifomu pano,

kuti husiku huno ndihwo husiku hwekupodzwa kwavo, kana vakakwanisa kuzvitenda.

²³⁹ Zvino ndinoda kuti munhu wese aenderere mberi mumunamato apo vanhu pavanenge vachiuya kuno, uye ndichange ndichiturika maoko pane mumwe nemumwe kuitira kupodzwa kwavo.

²⁴⁰ Huyai, changamire. Ndinonamatira iyi, hama yangu. NemuZita raJesu Kristu, podzwai.

²⁴¹ Ndinonamatira iyi, hama yangu. NemuZita raJesu Kristu, podzwai.

²⁴² Ndinonamatira hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu Kristu, kuitira kupodzwa kwayo. Amenii.

²⁴³ Ndinonamatira hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu Kristu, kuitira kupodzwa kwayo.

Ndinonamatira hanzvadzi yangu, muZita raJesu, kuitira kupodzwa kwayo.

Ndinonamatira hanzvadzi yangu, muZita raJesu, kuitira kupodzwa kwayo.

²⁴⁴ Ndinonamatira hama yangu, nemuZita raJesu Kristu, kuitira kupodzwa kwayo.

²⁴⁵ Ndinonamatira hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu Kristu, kuitira kupodzwa kwayo.

²⁴⁶ Ndinonamatira hama yangu, nemuZita raJesu Kristu, kuitira kupodzwa kwayo.

Ndinonamatira hama yangu, muZita raJesu, kuti iMi mugomupodza.

²⁴⁷ Ndinoturika maoko pane hama yedu, nemuZita raJesu Kristu, kuitira kupodzwa kwayo.

²⁴⁸ Ndinoturika maoko pane hama iyi, muZita raJesu, kuitira kupodzwa kwayo.

²⁴⁹ Nemaoko angu akaturikwa pane iyi hama, ndinokumbira kupodzwa kwayo, muZita raJesu, apo paari Muhupo hwaMwari pano zvino hwechizoro cheNyu.

²⁵⁰ Podzai iyi, hanzvadzi yangu, Baba, ndinonamata, nemuZita raJesu Kristu. [Hanzvadzi inoti, “Maita heNyu, Jesu.”—Mupepeti]

²⁵¹ Baba veKudenga, sezvo boka guru revanhu riri kunamata, tinocherechedza Hupo hweNyu. Podzai iyi hanzvadzi, ndinonamata, muZita raJesu.

Podzai hanzvadzi yangu, Baba, muZita raJesu, ndinonamata.

Ndinoturika maoko pane hama yangu mukurangarira Shoko reNyu, kuitira kupodzwa kwayo, muZita raJesu. Ngazvive

sokudaro, Baba, zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; apo pavanoturika maoko avo pane vanorwara, ivo vachapora.

Ipai kupodzwa kwehama yangu, Baba, apo pandiri kuturika maoko paari nemuZita raJesu Kristu.

NemuZita raJesu Kristu, ndinoturika maoko pane hanzvadzi kuitira kupodzwa kwayo.

NemuZita raJesu Kristu, ndinoturika maoko pane hanzvadzi yangu kuitira kupodzwa kwayo.

NemuZita raJesu Kristu, ndinoturika maoko pane hama yangu kuitira kupodzwa kwayo.

Ndinoropafadza iyi, hama yangu, nemuZita raJesu Kristu, kuitira kutenda kwekupodzwa.

Ishe Jesu, ndinoturika maoko angu pane mwana, kuti iMi mugopodza muviri wake uye nokumuita kuti aite zvakanaka. Imi muchazviita, Baba, Makazvivimbisa.

NemuZita raJesu Kristu dai hanzvadzi yedu yapodzwa.

Isa ichocho pauri zvino, rega kupokana. Uchaita zvakanaka. Unozvitenda here izvozvo? Unozvitenda here izvozvo?

MuZita raJesu, itai kuti hanzvadzi yedu ipodzwe.

Ishe, nemuZita raJesu Kristu, itai kuti mwana apodzwe. Regai kupokana. Zvitendei.

Baba, podzai hanzvadzi diki iyi, ndinonamata, muZita raJesu. Amen. Regai kupokana. Zvino, munozvitenda here izvozvo? Munoon, ndiwo maitirwo azvinoitwa. Izvo zvaAkangotaura kuti muite.

Mwari Baba, ndinoturika maoko pane hama yangu nemuZita raJesu Kristu, itai kuti apodzwe.

Baba, ndinoturika maoko pane hama yangu nemuZita raJesu Kristu, itai kuti apodzwe.

Mwari Baba, nemaoko akaturikwa pane hama yangu, ndinokumbira, muZita raJesu, kuitira kupodzwa kwayo.

Saizvozvo, pane hama yangu pano, Baba, ndinoisa maoko angu, mukurangerira Shoko reNy, uye ndinokumbira kupodzwa kwavo.

NemuZita raJesu Kristu, ndinokumbira kupodzwa kwehama yangu.

NemuZita raIshe Jesu Kristu, ndinokumbira kupodzwa kwehanzvadzi yangu. Dai zvikava saizvozvo.

Ishe, ndinonamata kuti iMi mugopodza hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Hanzvadzi Shirley. Nh, ropafadzwai. Baba veKudenga, ndinonamatira Hanzvadzi yangu Shirley, kuti iMi mugomupodza, muZita raJesu. Amen.

Baba veKudenga, ndinoturika maoko pamusoro pehanzvadzi iyi nemuZita raJesu Kristu kuitira kupodzwa kwavo.

NemuZita raJesu Kristu, ndinoturika maoko pane hanzvadzi yedu kuitira kupodzwa kwayo.

Baba veKudenga, ndinoturika maoko pamusoro pehanzvadzi iyi. Makati zviitei, Ishe. Uye ndinozviiita nekuti ndinokutendai iMi. Ndinozvibatanidza pachangu, kutenda kwangu, munhu wangu wemukati pamwe naye, uye ndichikumbira kupodzwa kwake, muZita raJesu. Amen.

Pamusoro pemukomana mudiki uyu, ndinoturika maoko, muZita raJesu, uye ndichikumbira kupodzwa kwake.

Ndinoturika maoko angu pamusoro pehanzvadzi iyi, muZita raJesu, ndinokumbira kupodzwa kwayo.

Baba veKudenga, ndinoisa maoko pamusoro pehanzvadzi, nemuZita raJesu Kristu, ndinokumbira kupodzwa kwayo.

Baba veKudenga, ndinoturika maoko pamusoro pemusikana mudiki uyu, nemuZita raJesu Kristu, ndinokumbira kupodzwa kwake.

Uh-huh. Imi nemwana here? Mwana wenyu. Baba veKudenga, ndinoturika maoko pamusoro pemukomana mudiki uyu ndichikumbira kupodzwa kwake, muZita raJesu. Amen.

Baba veKudenga, ndinoturika maoko pamusoro pemusikana mudiki uyu, muZita raJesu uye ndichikumbira kupodzwa kwake.

Hanzvadzi Waldrop, Mwari vakuropafadzei. Hepano pane mudzimai, anonyatsoziva kuti kupodzwa kwaive chii. Iye akadzoswa kuhupenyu zvekare makore gumi nemashanu apfuura mumutsara wemunamato, [Hanzvadzi Waldrop vanoti, “Hongu, aiva makore gumi nemanomwe.”—Mupepeti] makore gumi nemanomwe apfuura, vakafa nekenza mumoyo mavo. Chiremba vane humboo hwazvo pano. Mai Waldrop. Vangani vanoziwa kuti zvaiva sekudaro, muPhoenix, simudzai maoko enyu?

Baba veKudenga, kuporesa kweNyu kunogara kwenguva yakareba sekutenda kwedu. Ndinonamatira Hanzvadzi Waldrop, vapozei, muZita raJesu. Amen. Ropafadzwai, hanzvadzi.

Baba veKudenga, ndinokumbira kupodzwa kwehama yangu, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Baba, ndinoturika maoko pamusoro pemukomana mudiki uyu, nemuZita raJesu Kristu ndinokumbira kupodzwa kwake. Amen.

Baba, ndinoturika maoko pamusoro pehanzvadzi iyi, muZita raJesu Kristu, kuitira kupodzwa kwavo.

Baba veKudenga, ndinokumbira tsitsi nekupodzwa kwehanzvadzi yangu. Zvipei kwairi manheru ano. Ndinoturika maoko angu pairi, kuti ndizvibanidze pachangu nemunamoto wangu kuitira kupodzwa kwake, muZita raJesu. Amen.

Baba veKudenga, ndinoturika maoko pamusoro pehanzvadzi yangu, ndichitenda munamoto wangu. Iyo iri kutendawo, zvekare. Regai apodzwe, Baba, muZita raJesu.

Baba veKudenga, ndinoturika maoko pamusoro pehama yangu, pano, uyewo tichitenda munamoto wedu, isu tose tichinamata pamwe chete, Baba, tinotenda kuti izvi zviru kuzoitika, ndinokumbira, muZita raJesu. Amen.

Baba veKudenga, nemaoko ari pamusoro pehanzvadzi iyi, ndinokumbira kupodzwa kwavo nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Baba veKudenga, zvekare, pamusoro pemutumbi wehama iyi diki yakamira pano, ndinoturika maoko angu, ndichitenda kuti Munonzwa, uye munamoto wangu pamwe newake, pamwe nechechi yese iyi, tinotenda kuti iMi muchamupodza, muZita raJesu. Ropafadzwai, Hama.

Baba veKudenga, ndinonamatira kupodzwa kwehanzvadzi yangu, ndakaisa maoko pamusoro payo, mwoyo wangu unobatkana nekuda kwavo, Ishe. Ivai netsitsi uye muvapodze, muZita raJesu.

Baba veKudenga, musikana mudiki uyu anotapira ari kudarika nemuungano, sezviri kuitwa nevabereki. Ndinoturika maoko pamusoro pake, nemuZita raJesu Kristu, Uyo akaisa maoko aKe pavana vadiki, kuti avaropafadze. Dai akaropafadzwa uye akapodzwa, Baba, muZita raJesu. Amen.

Baba veKudenga, tichiturika maoko pamusoro pehanzvadzi yedu, apo pairi kupfuura nepano, nemuZita raJesu Kristu, dai akapodzwa. Amen.

Zvimwe chetezvo, pamusoro pehanzvadzi iyi, Baba, ndinoturika maoko, nemuZita raJesu Kristu, itai kuti igopodzwa.

Baba veKudenga, ndinoturika maoko pamusoro pehama yangu nemuZita raJesu Kristu itai kuti igopodzwa.

Mwari Baba, ndinoturika maoko pamusoro pehama yangu nemuZita raJesu Kristu, itai kuti igopodzwa.

²⁵² Saizvozvo, pamusoro pehama yangu pano, Baba, ndinoturika maoko angu. MuZita raJesu, itai kuti igopodzwa.

²⁵³ Mwari Baba, nemuZita raJesu Kristu, ndinoturika maoko pamusoro pehanzvadzi yangu. Itai kuti ipodzwe, nemuZita ra [Hama Branham vanokosora—Mupepeti] Ishe Jesu. Ndiregerereiwu, Baba.

254 Ndinoturika maoko pamusoro pehama iyi, ndokumbira kupodzwa kwayo, muZita raJesu. Amen.

255 NemuZita raJesu Kristu, ndinoturika maoko pamusoro pehama yangu, uye ndichikumbira kupodzwa kwayo, kuti Mwari vabwinyiswe. Amen.

256 Baba vedu veKudenga, ndinoturika maoko pamusoro pehama yangu, uye ndinokumbira kupodzwa kwake. Ndichibatidza munamato wangu, Ishe, nemunamato wake, uye nemunamato wechechi iyo yaMaunganidza manheru ano. Maoko angu akaiswa paari, ndichiratidza kutenda kwangu muMwanakomana waMwari, ndinokumbira kupodzwa kwake. Amen.

257 Zvino tine zvinhano zvemahwiricheya pano zvandiri kuda kunamatira.

Baba veKudenga, ndinoturika maoko angu pamusoro...?..tsitsi nenyasha ngazvive navo Ishe...?.. nemuZita raJesu Kristu. Saizvozvo, kune hanzvadzi diki iyi, Ishe, Mwari. Satani, tinokudzinga kubva pavari...?..Vapei simba nehupenyu hune kufemera; vasimbisei, Ishe...?.. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

258 Jesu akati, imwe nguva, “Munoziva here zvandaite kwamuri?” Ndangoita izvo zvakarairwa naMwari kuti zviitwe.

259 Zvino ngatinamatei pamwe chete, mumwe nemumwe. Paunenge uchiisa pfungwa yako pana Mwari, bata munamato wako. Rangarirai, tendai zvino, tendai nesu. Mumwe nemumwe wenyu pano, uyo anorwara, uye zvichida wanga usina kadhi remunamato... .

260 Zvino, tichange tichipa makadhi emunamato zvekare, mangwana manheru, nasix-thirty kana seven, imwe yakada kudaro, six-thirty kana seven, saka tichava nemutsara wemunamato zvekare mangwana manheru. Ndine hurombo kuti ndakunonotsai zvisihoma manheru ano, nekuda kwemutsara wemunamato. Dai Mwari vakuropafadzai.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu zvekare.


261 Patiri kunamata, Baba, tinoregerera munhu wese kutitadzira kwake kunesu. Kana pakawanikwa chero chinhu matiri, chakasiyana neMi, tiregerereiwo, Ishe. Nekuti, tinoudzwa kuti tinofanira kuve “tsamba dzaMwari dzakanyorwa, dzinoverengwa nevanhu vese.” Uye sezvo tateerera Mirairo yeNyu, tikaona Hupo hweNyu huchikubatanidzai pacheNyu nesu; vanhu vafamba kusvika papuratifomu ino, vachipupura nezvekutenda kwavo. Taturika maoko pamusoro pavo, Baba. Kwete kungoti semumwe chete wedu, asi isu tese pamwe chete, mumunamato, taturika maoko pamusoro pavo, tichitenda kuti iMi muchapodza miviri yavo.

²⁶² Imi makati, apo paMakange muri pano panyika, “kana mukakumbira Baba chero chipi zvacho muZita raNgu, Ini ndichachiita.” Jesu we. . . Mwanakomana waMwari, ndiyo yaive vimbiso yeNyu, Ishe.

²⁶³ Uye Mumwe chete uyo akaita vimbiso azviratidza pachaKe pano manheru ano kuzozadzisa vimbiso yaKe. Saka iyo—iyo yaitwa, Mirairo yeNyu, kuturika maoko pane vanorwara. Zvino, regai zviitwe. Izvo zvakanyorwa, regai zviitwe. Regai simba raJesu Kristu ripamuke manheru ano, uye ripatsanure munhu wese ari muno, kubva kune kusatenda kupi zvako, uye regai Hupo hwaJesu Kristu, Shoko, Uyo anoziva mifungo yemoyo yedu, regai iWo utonge manheru ano mumwoyo wose.

²⁶⁴ Uye tinotsiura Satani nemasimba ake ose erima, masimba ake ose ekusatenda. Mweya waMwari wasimudza chiyero chinopikisana newe, Satani. Iwe uri munhu akakundwa. Jesu Kristu akakukunda paKarivhari.

²⁶⁵ Iye akamuka, nezuva rechitatu, akunda rufu, gehena, neguva. Iye akakwira Kumusoro ndokupa zvipo kuvanhu. Ari pano Pauzima manheru ano. Akati, “Chinguva chidiki uye nyika haichazoNdiona zvekare; asi imi muchaNdiona, nekuti Ndichava nemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Tinoona Hupo hwaKe pano manheru ano, achizadzisa Shoko raKe. Nekutenda tinotenda kuti munhu wese anorwara ari muno achapora, kuitira kubwinya kwaMwari, nemuZita raJesu Kristu.

²⁶⁶ Uye vanhu ndokuti, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Mwari vakuropafadzei. Ndichidzorera kune hama. 

*SHOKO RAMWARI RINODANIRA KUPATSANURWA
KUZERE KUBVA KUNE KUSATENDA SHO64-0121*
(God's Word Calls For A Total Separation From Unbelief)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chipiri manheru, Ndira 21, 1964, paRamada Inn mu Phoenix, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org